Мазаем и 23-м Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр

ФИФI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПЛАНЕТ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэкъуаэгъэУ мазэм и 1 лъандэрэ кIыдокI

№№31-32 (22.940) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 21, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Судыр ныкъусаныгъэ зыIэщIэкI мыхъун IэнатIэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ 2014 гъэм къырикIуахэм теухуауэ район, къалэ судхэмрэ КъБР-м и зэзыгъэкIуж судыщIэхэмрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы къырихьэлIащ КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщ Гелиуэ А., КъБР-м и Арбитраж Судым и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Шокъум Ю., КъБР-м и СудыщIэхэм я советым и унафэщI Блохина Е., КъБР-м и СудыщIэхэм ЩIэIагъэмкIэ я коллегием и унафэщI Бейцыкиу А., Суд департаментым и управленз у КъБР-м щыIэм и унафэщI Iугъуэ М. сымэ.

ЗэIУщIэм доклад щиIащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ Мер Юрий.

КъБР-м и суд лэжьакIуэхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Юрий. Республикэм и Iэтащхьэм къитIэлъэгъуащ иужьрей илъэсхэм суд IэнатIэм зэхъуэжьныгъэ пыухыкIаХэр къызэрыщыхьуар. Суд щIэныкIэ лэжьыгъэр йофIакIуэ. Мы IэнатIэм щIыхьхэм нэхъ дзыхь хуащIу хуежьащ. Абы и щыхьэтщ зыхэхуа Iэзэхуэр зэхагъэкIын папщIэ судым зыхуэзыгъазэкэр кIуэтэжу нэхъыбэ зэрыхъур. Апхуэдэу суд унафэхэр гъэзэщIэнми нэхъ ткIийуэ кIэпыпIпу хуежьащ. Нэхъыщхьэ дыдэраци, цIыхухэм я хуитныныгъэхэм судыр къыщыхэщыжьнымкIэ щэсапIэхэр тэмэму зэтеуващ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и судыщIэхэм мы зэманым ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрымыткIыщыр, уеблэмэ щынагъуэу зэрыщытыр. Ауэ судыщIэхэм ящыщу зыри къикIуэтакъым икIи дэтхэнэми и къалэнхэр тэмэму егъэзащIэ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ Налшык къытеуауэ щыта бандэ гупхэм яхэтахэм я судыр зэрекIуэкIар.

ЗэзыгъэкIуж судыщIэхэм я мыхьэнэм гъэкъэ хохъуэ, абыхэмэ я пщIэри нэхъ ин мэхъу. Нэгъабэ ахэр хэпIащ суд Iэху псоми я процент 80-м щIигъуи. Ауэ нобэми нэхъ зэгугъупхъэхэм ящыщу кIоно суд унафэхэм я фIагъэр къэIэтыныр. Мыбдеж къэгъэлъэгъуапхъэщ судыщIэхэр лэжьыгъэм зэрыщIигъанэр икIи абы мыхъумыщIагъэ щхьэхуэхэр къызэриштэр. Ауэ суд унафэхэм мытэмэмхэр къыщIыхэкIыр, цIыху щхьэхуэхэм я хуитныныгъэхэр къыщIэзэпаудыр абы и закъуэкъым. Ар къыбгуроIуэ властым и органхэм къэтхъэусыхэхэм къатхэм щыгъуазэ зыщыпщIкIэ. А тхъэусыхафэхэр зэдыщIэкIыу лъабжьэншэу пхужьIэнукъым. Процессуальнэ, къинэмыщI хабзэ мардэхэр къыщызэпаудэ, зыхэлпъэ Iуэхур кIэщуэзу щаущ урохьэлIэ. Дэ псоми ди къалэныр, жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, суд лэжьыгъэм хэлъ сыт хуэдэ ныкъусаныгъэри къэмыгъэхъуныкрщ. «Судыр зи лэжьыгъэм мыхъумыщIагъэ лъэпкъ зыхэлъ мыкъуну органщ», - къиГъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Юрий.

Япэхэми хуэдэу нэхъ ныкъусаныгъэшхэм ящыщщ суд лэжьыгъэм цIыхухэм щыгъуазэ защIыныжмкIэ щыIэ Iэмалхэр зэрымащIэр, Iуэху куэдым и пIалъэм къриубыдэу зэрыхэмыплъэфыр, суд унафэ щхьэхуэхэр и зэманым зэрамыгъэзащIэр. А псоми суд и мыхьэнэр кърегъэлъэхьшхэ. Республикэм и унафэщым къыхилъхьащ суд лэжьыгъэр зэрекIуэкIым теухуа тхыгъэхэр хабзэхъумэ органхэм зэрыхуагъэхьым къыдэкIуэу интернетым иралъхьэу, цIыхухэр кьеджэн папщIэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапи Iэхэм къытрагъэдэхэну.

2015 гъэм къару ягъуэтащ мыпхум теухуэ налогым и Iуэхуфэ республикэ законым халъхьа зэхъэкIыныгъэхэм. КIуэкIуэ Юрий судыщIэхэр къыхуриджащ судым ипэ кIыхуэуи суд щащIэм и дежи апхуэдэ Iуэхуэм нэхъ егупъуу бгъэдыхьэну, захуагъэ хэлъу зэпкърахьну.

СудыщIэхэм махуэ хъэс ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр хьэпэ, жэуапныгъэ ин зыпылъщ. Апхуэдэу щыт пэтми, ахэр псом я дежкIи щапхъэу, пэжыгъэр цIыхугъэрэ яхэлъу, дэтхэнэми и гугъуехьэхэр къагурыIуэу щытын хуейщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и къалэнщ сыт хуэдэ Iэхуми нэфIней хэмылъу бгъэдыхьэну, зыхэлпъэ Iуэхур нэгъэсауэ зэпэчрихыну, дэтхэнэ хабзэ мардэри цIыху пыухыкIам зэрехьэлIар къыгурыIуэу лэжьну.

Дэ политикэ, экономикэ щытыкIэщIэу гугъуехь куэд зыпылъым дыхэтщ, абы къыхэкIыу дэтхэнэ зы цIыхуми гулъытэ хуэтщIу, абы и гугъуехьэр зэхэтщIыкIыу дылэжьэн хуейщ, кьыхигъэщхьэхуащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

ФИФI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПЛАНЕТ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэкъуаэгъэУ мазэм и 1 лъандэрэ кIыдокI

№№31-32 (22.940) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 21, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

И щIыхьым хигъахъуэ зэпыту

Зи гугъу тщIы гуфIэгъуэм и цIэр мызэ-мытIэу зэрахъуэкIащ: 1922 гъэм къыщIэзэрауэ 1946 гъэр къэсыху «Дзэ Плъыжьымрэ флотымрэ я махуэу», 1993 гъэ пщIондэ «Советыдзэмрэ Дзэ-Тенджыз флотымрэ я махуэу» щытащ. Ар къызэгъэщIа Совет властыр щымыIэж пэтми гуфIэгъуэр къыщыхэтенащ къэрал зыбжанэм - Урысеймии, Беларуссеимии, Къыргъызми мазаем и 23-р щагъэлъапIэ. Пэжщ, иджы Урысейм абы зэрыщеджэр «Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ». Мазаем и 23-р гуфIэгъуэшхуэщ, ар ди къэралым и къарурэу ди мамыр гъащIэр зыхъумэжэм икIи псори дызыкъуэгушхуэкIэм я махуэщ.

1917 гъэм и жэпуэгъуэм Урысейм щызэфIэуващ Совет властыр. Цыхубэ Комиссархэм я Совет къыхэзгъэпэщам 1918 гъэм щышыпхъэм и 28-м Рабочэ-Мэкъумэшыщ Iэ Дзэ Плъыжьым теухуа Декрет къыдигъэкIащ. Абы ираджэр зи гуащIэкIэ псэуж лэжьакIуэхэрати, цIыхубэм ей хуэдэ хъурт. Япэщ Iыкъ къэрал гуфIэгъуэ махуэу ягъэувыну я мурадкъым. А зэманым апхуэдэ махуэ-шхуэхэр Гъунэжу къэунэхуат: Коммунист щIалэгъуалэм я махуэр, Красноармейц-фронтовикым и махуэр, Дзэ Плъыжьым и офицерым и махуэр, н.къ. А «махуэшхуэ» псори зытеухуэжар зы мурадт: Дзэ Плъыжь къэунэхуагъащIэр нэхъ пэщIэ, ящIым щхьэкIэ мыпхУ хуэзэхъэсыныр. 1919 гъэм мазаем и 9-м и тхьэмахуэр Плъыжьыдзэм хуащI тыгъэм и махуэ ящIым я гугъащ. АрщхьэкIэ зыкъомрэ егупсыса иужь, ВЦИК-м и унафэкIэ Дзэ Плъыжьымрэ Плъыжьыдзэм хуащI тыгъэмрэ я махуэр мазаем и 23-м ягъэлъапIэну треухуащ. А махуэр ухуэкIащIэм и гуэгум теха Урысейм и цIыхухэм Iэтауэ ягъэлъапIащ. Пэжщ, Дзэ Плъыжьым и махуэр щащыгъупщжаи къэхъуащ. 1920, 1921 гъэхэм ар ягъэлъапIакъым. АрщхьэкIэ 1922 гъэм щIышылэм и 27-м ВЦИК-м и Президиумым Дзэ Плъыжьыр илъэсиплI зэрырикъум теухуауэ къыдигъэкIа унафэр къытрадзащ. Абы къыщыгъэлъэгъуат: «Советхэм я 9-нэ Урысейпсо Съездым и унафэм ипкъ иткIэ, ЦИК-м и Президиумым гъэзэщIакIуэ исполкомхэм гу лъагегъатэ Дзэ Плъыжьыр къыщызэрагъэпэща махуэр (мазаем и 23-р) къыззэрыблагъэм». А гуфIэгъуэр мазаем и 23-м ягъэлъапIэн хуейуэ щытрауждам и щхьэусыгъуэр унафэм щыгъэбелджылатэкъым.

АрщхьэкIэ иужькIэ жаIащ совет къэралыщIэм къебгъэрыкIуэ кайзер Германием и дзэр Нарвэ псым и дежкъыщыгъэувыIа махуэм - мазаем и 23-м и щыхькIэ ар ягъэувауэ. Апхуэдэуи тхыдэм хыхьауэ щытащ икIи ар къалытэрт зи Iэщ Iагъэкъ зэуэлIэр зыхэт Дзэ Плъыжьым и кьежьанIэу. АрщхьэкIэ дэ десэжащ ди тхыдэр, ди блэкIар зэпымыууэ щIэрыщIэу къыззэрыдгъэкIыжым. Иджы языныкъуэ тхыдэтхэм ягъэву ди къарурэм бийр а псым и дежкъыщызэтрамыгъэувыIауэ, атIэ, удынышхуэ къариздза иужь, езыр-езыру абы къыщыувыIауэ. Ар пцIы зэфэзэщIщ икIи ди тхыдэр гъэутыиныным хуэгъэзащ.

Напуэу зэрыщытщи, ноби гуфIэгъуэр зыхэутIэт ди дзэм дуней псом лIыгъэрэ хахуагъэкIэ щызэбгъапщэ мыхъуну гуэргуанэшхуэ дыдэ икIи щIыхь зыпылъ кьикIуащ. Европэгъэтэгъуэну иирикъунщ Европэ псор, Африкэми, нэгъуэщI щIыналъэхэми щыщхэр зыбубуда гитлер Германием къаркIэ пэувыфар икIи лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и ганкъуэ **Гъубжокъуэ Лиуан** къыззраль хурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 5 - 1 щыхьунущ.

Мазаем и 24, *гъубж*

♦Флотым и адмирал, тенджыз фIыщIэ флотыр къыззэрагъэпэщащэм ящыщ **Ушаков Фёдор** къыззраль хурэ илъэс 270-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Иванов Всеволод** къыззраль хурэ илъэсэ 120-рэ ирокъу.

♦ЩIэрджэс тхакIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь** къыззраль хурэ илъэсэ 106-рэ ирокъу.

♦Драматург, УФ-м щыхь зиIэ и артист **ЩхьэгъэпсэМухьэмэд** къыззраль хурэ илъэсэ 100 ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, хъэрыфыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Темболэт** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 4 - 2 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жаlэр носри, ясэр къокI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуэху пщIэ зыхуэтщIхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр къывохъэжьу Совет Армэмрэ Дзэ-Тенджыз флотымрэ я махуэмкIэ.

Мазаем и 23 махуэшхуэр лIыгъэм, хахуагъэм, пщIэмрэ щIыхьымрэ я дамыгъэщ. А махуэм дэ Iэтауэ догъэлъапIэ Хэкум къулыкъу хуэзыщIахэр, иджыпсту хуэзыщIэхэр, ди мамыр гъащIэр зыхъумэжэр.

Ди хъумакIуэ хахуэхэм узынщагъэ быдэ, къэмыгъэнджэж ерыщыгъэ яхэлъыну, мамырыгъэ яIэну дохъуэхъу.

ПАЩТЫ Борис,
КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым и япэ секретарь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2015 гъэм мазаем и 26-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЩIыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Махуэгъэпс • ДифI догъэлъапIэ

КЪЭБЭРДЕЙ

ТВ, радио нэтынхэр • Мацъхъэдис

Къалэнхэр яубзыху

• Коллегиехэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и коллегие мазаем и 19-м зэхэтащ. Абы щытепсэлъэныхьащ 2014 гъэм ялэжьахэмрэ 2015 гъэм зыхуагъэзыныжа къалэнхэмрэ.

ЗэIУщIэм хэтащ Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, республикэмрэ муниципальнэ районхэмрэ къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, радиомрэ телевидениемрэ я лэжьакIуэхэр, Iуэхущ Iапи Iэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэр. КъБР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ тепсэлъыхьащ комитетым и Iуэхущ Iафэхэм, къэхъулIэхэмрэ зыхуэнэмыкIу къэнахэмрэ.

КъБР-м СвязымкIэ, хъыбарегъащIэ технологиемрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ Iапи Iэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ди республикэм къыщыдокI газетрэ журналу 44-рэ, электрон хъыбарегъащIэу 15. СМИ-м и къэрал Iуэхущ Iапи Iэмхэм я лэжьыгъэ IэнатIэ щыпэрытщ щIыхь 750-м нэблагъэ. Ику ит улахуэу къалэжь сом 16 825-рэ.

Коллегием хэтхэм къызэрыкъэщащи, екъулIэныгъэхэр куэд хъуми, комитетым къыпэщIт гугъуехьэхэри нэхъыбжщ. Аэр зэрагъэзэщIну Iэмалхэми щытепсэлъэныхьащ зэIущIэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр Емуз Нинэ жиIащ журналист Iэщ Iагъэм езыр зэрыпэгъунэгъуэр, абы и къэкIуэнум фIыкIэ зэрыщIигъуэр.

Коллегием щаубзыхуащ 2015 гъэм зэлэжьынуэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 21, *щэбэт*

♦Андзэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

♦1819 гъэм Санкт-Петербург къэрал университетыр къыззIуахащ.

♦Чехием щыщ тхакIуэ, усакIуэ, адыгэхэм я псэукIэм теуха тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Чех Сватоплук** къыззраль хурэ илъэсэ 169-рэ ирокъу.

♦Бзэ щIэныгъэлI, филолог, Кавказым и тхыдэр зыджа, абхъаязыбзэмрэ адыгабзэмрэ ятеуха тхъухтэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа **Марр Николай** къыззраль хурэ илъэсэ 151-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий)** къыззраль хурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦КъэфакIуэ, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист **Нэгъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым градуси 6 щыхьунущ.

Мазаем и 22, *тхъэмахуэ*

♦Польшэм щыщ композитор, пианист цIэрыIуэ **Шопен Фредерик** къыззраль хурэ илъэс 205-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиIэ и энергетик, КъБР и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Кебеков Владимир** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, ШДДА-м и академик **Къанокъуэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа **Хьэсанэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБКъМУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент **Алажэ Асльэн** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 6 щыхьунущ.

Мазаем и 23, *блыщхьэ*

♦Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

♦1942 гъэм **Къардэн Къубатий** Ленин орденыр яIэу къратащ.

♦КъэралI лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта **Шэджыхьэщ Мухьэмэд** къызэрэлъхъуэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и КъэралI саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Къардэн Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Пащты Султан** къызэрэлъхъуэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и ганкъуэ **Гъубжокъуэ Лиуан** къызэрэлъхъуэ илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 5 - 1 щыхьунущ.

Мазаем и 24, *гъубж*

♦Флотым и адмирал, тенджыз фIыщIэ флотыр къыззраль хурэ илъэсэ 270-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Иванов Всеволод** къыззраль хурэ илъэсэ 120-рэ ирокъу.

♦ЩIэрджэс тхакIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь** къыззраль хурэ илъэсэ 106-рэ ирокъу.

♦Драматург, УФ-м щыхь зиIэ и артист **ЩхьэгъэпсэМухьэмэд** къыззраль хурэ илъэсэ 100 ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъэралI лэжьакIуэ, хъэрыфыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Темболэт** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 4 - 2 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Илъэс ипэкIэ Сочэ ди нэгу щIигъэкIахэр

Адыгэхэм ди щIыналъэжь Сочэ и Iэгъэблагъэм илъэс ипэкIэ XXII ЩIыналъхуэ Олимп Джэгуэгъэ щыкIуэныжащ. 2014 гъэм мазаем и 7-м щыщIэдзауэ 23 пщIондэ дуней псом ар я плъапIэу щытащ. Нобэми сроГушхуэ икIи спорагэ а Iуэхугъуэшхуэр си нэкIэ зэзгъэлъагъуну икIи сытетхыхьыну Iэмал сызэриIам. Ар зэи гум имыхужщ.

ИлъэС 34-рэ ипэкIэ Мэзкуу щекIуэкIа Олимпиадэ-1980-м пэджжэрт Сочэ-2014-р. Абы щигъуэми хуэдэу, Олимп Джэгуэхэм я нагъыщэ нэхъыщхьэм ящыщ зыр мыщэ щырт. Уэзрыгушхуэнщ адыгэ фIэщыгъэщIэ зиIэ «Фыщт» стадионым Цыху минипщIыкъ къыркъэпIэу щыIамкъэ олимп зэхъэзэхуэ инхэр къыззрыщыщзэIуахар икIи зэрыщыщзэхащIыжар.

Си спортсменхэм яхуэзуГурлащ адыгэхэм ди адэжь щIыналъэр. Сочэ щекIуэкIа Олимпиадэм къыщащхьа медалхэмкIэ официальнэу щымыт гупхэм я зэпеуэм зыри пъэщIэмыхьэжину бжьыпIэр щызыубыдауэ я кащащхьэу Норвегием и командэ къыхэкам дыдейхэр иужьрей махуитIым щхьэпрыкIыжащ, лыжжэхэм тету километр 50-р къызэнэкIыныжмкIэ Легков Александр зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ. Зубков Александр и экипажыр боблеистхэм я зэхьэзэхуэм псоми ипэ зэрыщищам ди пашэныгъэр щIигъэбыдэжащ. Арати, зэи къэмыхъуауэ, Урысей Федерацэм Олимпиадэ хужьым псори зэхэту медаль 33-рэ къыщихьащ: 13-р дыщэу, 11-р дыжьыну, 9-р жэзу. 1994 гъэм Лиллехамер щиIэ екъулIэныгъэм ар ефIэкIыжащ.

Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщыщи, Олимпиадэр щекIуэкIа къэралыгъуэр официальнэу щымыт гуп зэпеуэм епланэу щытекIуауэ арац. Нэхъапэм ар къыззхъулIар Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ (1932 гъэ), Норвегиерщ (1952), Канадэрщ (2010).

Хьэпэмэтращи, СССР-р къэралыгъэшхуэу утыку щихьэхэми мы екъулIэныгъэр ефIэкIыжащ. 1988 гъэм Калгари совет командэм (ижь дыдэу) зэи къэмыхъуауэ медаль 29-рэ къыщихьат (11-р дыщэу, 9-р дыжьыну, 9-р жэзу). 1976 гъэм и закъуэт Совет Союзым дыщэ медаль 13 щызэIэпхъэфари, а рекордри къаГъэщIэрэщIэжащ.

Зэрыхабзэти, ди цIыхухъухэм текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуащIащ. Абыхэм я закъуэу медаль 20 къахьащ; 10-р дыщэу, 6-р дыжьыну, 4-р жэзу. ЦIыхубзхэм ядащIыгъуу иджыри медалитIу дыщIагъужащ (дыщэрэ дыжьыну - тIурытI, жэзу - 4).

ЛIыхъужьхэри ди мэщIакъым. Сочэ щэнейрэ Олимп чемпион щыхъащ Урысей Федерацэм и цIэкIэ шорт-трекымкIэ зэпеуэхэм хэта Корее Илщэм щыщ Ан Виктор. Абы къыззрыкIэрыхуа щыгъуазэ щIыпIэ медаль тIурытI къэзыхьахэу Воеводэ Алексейрэ Зубков Александрэ (боблей), Волосожар Татьянэрэ Троньков Максимрэ (йорыжжкIэ фигурнэу къжьхьыныжмкIэ), Уайлд Вик (сноубордымкIэ) сымэ. Псори зэхэту ди къэралым и цIыху Сочэ-2014-м чемпион щыхъуащ.

Спорт зэхьэзэхуэхэм я закъуэкъым XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгуэгъэр гум къызэринар. Ди адэжь лъапсэм зэрыщекIуэкIыр къагъэсэбэпри, абы адыгэ Iуэхур лъагэу щаIэтащ. Адрейхэми хуэдэу Адыгеи, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я щэнхабзэр яГэлъэгъуэну Iэмал зэраIам къищынэмыщIауэ, Олимп паркым и курыкупсэм ящрэзуэ щыщIэращIэрт «Адыгэ унэр». Абы хэтт сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэща хьэщIэщ, ди къекIуэкIыкIам щыхьэт техьуэ музей, зэпсэльныгъэхэм папщIэ пэщ щхьэхуэ. Адыгэ ныпыр зыныгъ щIэщIауэ, лъэпкъ фащэр къызыщылыдыкI щIалэ къуданкэр «Адыгэ унэм» и пщIантIэм сыт щыгъуи дэтт. Олимпиадэм къэкIуауэ абы къемыблэгъа гъуэтыгъуейщ: хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр, къэрал, политикэ унафэщIхэр, спортсмен, артист цIэрыIуэхэр... Олимп паркым зы дакъикъи щызэпыуакъым адыгэ макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

Сочэ и Къуэбыдэ аузым, Олимп паркым, Розэ къутырым щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэр дунейпсо мардэм къызэритIэсам щхьэхъыжьым. Ухуэныгъэ екIуэкр, Iуэхутхьэбзэ узэщIакэр, транспорт, связь зэпыщIэныгъэхэр... Ухыщымыгъуаз щыIэмэ сыт щыгъуи къыбдэIэпыкъуну хъэзыр ди къэралми дунейм и адрей щIыпIэхэми къраша волонтёр ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэ щытыкIэ ди къэралым зэгуэр щыщIэну фIэщщыгъуейт. Сочэ щекIуэкIа Олимпиадэм къытхуэIуиха зэIущIэ, зэхьэзэхуэ инхэм Iэмал къыдатащ дунейпсо мардэхэм дыхуущIэкъуну, ахэр ди гъащIэм хэтрщэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Сотниковэ Аделинэ

Уайлд Вик

Ан Виктор



Волосожар Татьянэрэ Троньков Максимрэ.



Урысеймрэ и бобслеистхэр.

УФ-м хамэ къэрал IуэхуэкмкIэ и министр Лавров Сергей «Адыгэ унэм» и хьэщIэщ.

Пхенчхан дыззэхуиплIалъэщ.

Сочэ Олимпиадэр щызэхущIыж.

КIуэкIуэ Юрий къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Дэхъушокъуэ Мусэ и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ

И ныбжьыр илъэс 83 иту дунейм ехыжащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Дэхъушокъуэ Мусэ. Абы гъащIэм гъэзугуанэшхуэ къыщыIэзринэкIащ. 1974 гъэм щегъэжьауэ 1980 гъэм экъыдыр партым и обкомым и секретару лэжьащ. 1983 - 1988 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщIу щытащ.

Бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ Дэхъушокъуэ М.И., ГуащIэдэкI Бэракъ плъыжь орденыр, «ЩIыхь дамыгъэ» ордену тIу, нэгъуэщI къэрал наградэхэр къыхуагъэфащащ.

Дэхъушокъуэ Мусэ и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгузэващ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. Дунейм ехыжар дыгуаесэ щыщIалъхьащ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ.

Дэхъушокъуэ Мусэ Ильяс и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 83 иту 2015 гъэм мазаем и 19-м дунейм ехыжащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Дэхъушокъуэ Мусэ Ильяс и къуэр.

КъБАССР-м и Нагорнэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1932 гъэм фокIадэм и 3-м Дэхъушокъуэ М.И. къыщыдахуащ. Абы ВКП(б)-м и Нагорнэ район комитетым и техническэ секретарь 1950 гъэм лэжьэн щIидзащ, нэхъ иужькIэ Нагорнэ райисполкомым щэнхабзэщIэныгъэ IуэхуэхмкIэ и къудамэм и инспектору ягъэуващ. 1950 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм ар ВПКСМ-м и Нагорнэ район комитетым и етIуанэ секретарь, нэхъ иужьыIуэкIэ апэ секретару хахащ. ВЛКСМ-м и ЦК-м и дежь щыIэ Комсомол школ нэхъыщхьэр кIыуха ныжь, комсомол лэжьыгъэм пищащ.

1957 гъэм ар партэ лэжьыгъэм хашэри, КПСС-м и Дзэлыкъуэ райкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ. 1960 гъэм партым и Дзэлыкъуэ райкомым и апэ секретару хахащ.

1969 гъэм Дэхъушокъуэр КъБАССР-м и Министрэм я Советым и Унафэщым и апэ къуэдзэу ягъэуващ. 1974 - 1980 гъэхэм КъБАССР-м цIыхубэ къэпщытэныгъэмкIэ и комитетым и тхьэмадэу щытащ. 1980 гъэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару хахащ.

1984 - 1988 гъэхэм Дэхъушокъуэ М. И. КъБАССР-м и Министрэм я Советым и УнафэщIущ. 1989 - 1993 гъэхэм КъБР-м и Хэхакъуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Iэтащхьэу щытащ.

Дэхъушокъуэ Мусэ илъэс зыбжанэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ икIи щIэныгъэ Iуэхум хъарзынэу пэрытащ. Езыр мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатти, абы зэпымыуу гулытэ зэха хуиущIыр республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным, щIы Iуэхухэр зэблэгъэкIыным.

ИльэсипщI бжыгъэкIэ зыпэрыта унафэщI Iэнатlэхэм щигъэта зэфIэкIыр, гъащIэм и екIуэкIыкIэм, зэманым кьишэ гугъуехьхэм зэрыщыгъуазэр, ткIийуэ, текI имыIэу сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэр, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIныгр япэ зэрыригъэщыр абы пенсэм кIуа нэужьи куэдрэ къыхуэщъхьэпащ. Ар Нэхъыжьхэм я совету УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Илъэ федеральнэ округым щыIэм и деж къыщыдэхуэпэщам, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ чэнджэщэгъу советым хэтащ икIи абыхэм жыджэру хэлэжьахьащ.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ Iумытами, Дэхъушокъуэ М.И. жылагъуэ-политикэ къыдэлэжьэр жыджэру ирихьэкIащ. Ар партым и обкомым и бюром хэхьгъуэ зыбжанэкIэ хэтащ, КПСС-м и XXVII съездым, XIX Союзпсо парт конференцым я делегату, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и хэхьгъуэ зыбжанэм я депутату щытащ.

Дэхъушокъуэ М. И. и зэIуэхухэр зэблэгъэкIыным.

Iыгъуэм щыпсэу адыгэхэр Хэкум зэрыплэжьыгъэм егъэгумэщI, икIи «хэхэс» цIэ бзаджэр къатохьэлъэ.

- Интернетым и фIыгъэкIэ, Тыркум исхэмрэ Хэкум щыпсэухэмрэ гъунэгъу дызэхуэхъуащи, адыгэбзэкIэ дызэпсэльэну Iэмал нэхъ диIэщ. КъимыдэкIэ, адыгэ тхыльхэр электрон жыпхъэм иту Интернеткlэ нытхуагъэхь. Апхуэдэуи, КъБКъУ-м и доценту щыта Абазэ Албэч Къайсэр сыщыIущIащ икIи адыгэбзэмрэ литературэмрэ дигъэджри сертификатри къыдитыжащ, - и Iэху зыIутхэмкIэ къыддогуашэ ар.

Егъэджакlуэ Iущыр зэпымычу яужь итщ и адыгэбзэр нэхъ бей зэрищIыным. Ар нэхъыбэу дзэзыхьэхыр адыгэ нарт эпосымрэ, Нало Ахьмэдэхан и тхыгъэхэрщ.

Тыркубзэмрэ инджылызыбзэмрэ фIыуэ зыщIэ, хъэрыпыбзэми щыгъуазэ адыгэ щIалэм япэ иregъащ и анэдэлъхубзэр. Ар хущIокъу адыгэбзэр нэсу и унагъуэм щызекIуэныным. Абырэ и щхьэгъусэ Турканрэ бынитI зэдагъэувтащ; щIалэ Бэржанрэ хъыджэбз Гупсэрэ. Адэр хуабжьу йолIалIэ и бынхэм адыгэбзэр яIурылъу, лъэпкъ литературэм дихьэхыу къигъэхъуным. Адэ-анэр ирогуфIэ Бэржан цIыкIу адыгэ пшынэ еуэн зэрыфIэфIым.

Зи анэдэлъхубзэм апхуэдэ пщIэшхуэ хуэзыщI, абы зиуэзыщIынымы, зиужьынымы хьыщIкъу дэтхэнэми, псом хэмыдуэу хамэщI щыпсэухэм, фIыщIэри щыпхъури яхуэфащэщ. Апхуэдэкъм я щапхъэщ зи гугъу фхуэсщIа ди къуэш Кандан Чэмали.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

КIуэкIуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Тl., Вербицкий А. И., Джэш В.М., Альтуд Ю.Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Аттаев Ж. Ж., Берд Хь. А., Беппаев С. У., Бер М. Л., Битокъу В. М., Бозий Н. М., Губин Г. С., Джатэ Р. Хь., Дзэмыхь Къ. ФI., Евтушенкэ Н. Н., Емуз Н. Гъу., Дадэ М. А., Жанатаев С. А., Жыджэт А. А., Зумакулов Б. М., Геляхов А. С., Иуан П. М., Кьалэ З. А., Къарэмырзэ Б.С., Къэрмокъуэ Хь.М., Кебеков В. С., Клевцов М. М., Къуэдзокъуэ М. М., Къумахуэ М. Л., Къушхьэунэ А. А., Литовченкэ Т.В., Маслов Н. А., Мэшыкуэ Т. И., Мэшыкъуэ Хь. И., Нэхущ З. А., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Сэхъу В. Къ., Тау П. Къ., Лъэпщокъуэ Б. Хь., Федченкэ Л. М., Фырэ Р. Б., Хьэщхъуэжь А. Б., ХьэфIыцIэ М. М., Черкесов Г. М., Чеченов А. А., Чеченов Хь. Хьу., Шэт И. М., Щомахуэ Ю. А., Шурдым Ю. Хь., Шыхъуэстэн А-Хь. КI., Ефэнды Дж. Къ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iэхэуэмкlэ управленэр КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къуныкъум, кадрхэм, коррупцэм пэщIэтыным я Iэхэуэмкlэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Дэхъушокъуэ Мурат Мусэ и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Дэхъушокъуэ Мусэ Ильяс и къуэр** зэрыIам къыхэкIыу.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ-политикэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Коммунист партым и ветеран **Дэхъушокъуэ Мусэ Ильяс и къуэр** зэрыIам къыхэкIыу абы и унагъуэм хуогузавэ.

Дунейм ехыжащ пэжыгъэ зыхэлъа цIыху къимыкIуэтыжыр, коммунизмэм и хабзэ мыкIуэдыжьынхэм тетыныр зи хьэл нэхъыщхьэу къекIуэкIа партлэжьакIуэ нэсыр.

Дэхъушокъуэ Мусэ и щIэныгъэр республикэм и коммунистхэмрэ цIыхубэмрэ я дежкIэ хэщIыныгъэшхуэщ. Ар гум къинэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм, Хэкум хьэлэлу хуэлэжьаныкIэ щапхъэу.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым и апэ секретарь Пащты Борис.

Иужьрей гъуэгуанэ

● Пэкlу

Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Дохъушокъуэ Мусэ и ныбжьыр илъэс 83-м иту дунейм ехыжащ. КъБР-м и къуэ пажэр зыпэрыта дэтхэнэ Iэнатlэми и гуащIэшхуэ хэлъщ. 1974 - 1980 гъэхэм КПСС-м и обкомым и секретару лэжьащ, 1983 - 1988 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщlу щытащ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Мусэ теухуа щыгъуэ пэкIуэ кьрихьэлIащ республикэм и унафэщIэр, Парламентым и депутатэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, дунейм ехыжам и ныбжьэгъуэр, къэзыцIыхуу щытахэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий** Дохъушокъуэ Мусэ и благъэ-Iыхьлыхэм яхуэгузэващ:

- Республикэми, къэралми хэщIащ зи лъэпкъым гурэ псэкIэ бгъэдэта, хуэлэжьа лIы щыпкъэ. 1990 гъэхэм щыгъуэ зэманыр гуГъут, псэзэпылъхьэпIэт. Лъахэм зегъэужьыным теухуауэ куэд дыдэ зэфIэзыгъэкIа жылагъуэ лэжьакIуэхэм щыщщ Дохъушокъуэр. А зэманым абы и гупсысэр дэзыIыгъахэм, Iуэху дэзыщIахэм ящыщи хэтщ пэкIум. КъБР-м и Правительствэм Дохъушокъуэ Мусэ и УнафэщIу щыщыта зэманым ди республикэм игъуэтащ зыужьныгъэхэр. Си насып кьрихьэкIри, сэ сцIыхуащ, сыдэлэжьащ а лIы пажэм. КъБР-м щыпсэуэхэм ящыщи Дохъушокъуэ Мусэ гуапэу ягу илъынущ, - жиIащ Iэтащхьэм.

- Нобэ сэркIэ гуауэщ Дохъушокъуэ Мусэ кьыгъэмытыжу иужьрей псалъэ зэрыхужьыкIэжыр. Сыту жыпIэмэ, сэ ар си гъунэгъу дыдэт: сыдэлэжьащ, спэмыжьэу псэущ, и унагъуэр соцIыху, - къыхигъэщащ Цыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**. Политик лъэщт, цIыху емызэщт. И къару еблэжакъым республикэм сэбэп хуэхъуным папщIэ. Сыт хуэдэ Iуэхуми напэ къабзэкIэ бгъэдыхьэрт. ЦыIэкъым ар зэпщIажа Iуэхуи цIыхуи. Аращ цIыхуэхэр пэжыгъэкIэ абы щIыбгъэтэри.

«КъБР-м и муниципалитетхэм я совет» зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Маслов Николай** жиIащ:

- ЦIыхугъэшхуэ хэлъу дунейм тетащ нобэ дызыхуэщыгъуэ лIы Iуцыр. Сыт хуэдэ Iуэху пэрыуеиэми, акъыл жан хиль хьэрт. Къуныкъуэхуэхэр иIыгъами, езыр цIыху къызэрыгуэкIт, гуапэт, щапхъэ зытепхынт.

Щыгъуэ пэкIум къыщыпсэлъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд:**

- Дэхъушокъуэ Мусэ Урысейм и цIыху пажэу, щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ нэсу щытащ. УнафэщI зэчифIэм куэд хуилэжьыну хуэнэсащ республикэм. Зыпарыцэ Iуэхум псэ кьабзагъ хиль хьэрт. Ди шынэхъыжьыфI Мусэ зыцIыхуу щытахэм я гум гуапэу зэрильнымрэ шэч кьытесхьэркъым.

Дохъушокъуэ Мусэ щыщIалъхьащ кьщащхьуа Сэрмакъ къуажэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Тэрч районым хыхьэ Хьэмидей къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ хэхахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Унагъуэ псэущхьэм хьащхьэрыIуэ уз зэрыпкърытыр Тэрч районым хыхьэ Хьэмидей къуажэм наIуэ кьыззэрыщыхьуам кьыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накьыгъэм и 14-м кьащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткlэ, 2015 гъэм мазаем и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм ыдигъэкIа унафэ №МШ-05/99-м тету икIи хьащхьэрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдыным мурадкlэ:

1. Тэрч районым хиубыдэ Хьэмидей къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Нэкlащэм, Къудейм, Борийм я уэрамхэм я кьуэхьым кьуриубыдэу мардэ хэхахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 и пIалъэу.

2. Карантиныр щыщIэ пIалъэм кьриубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ хэту, мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгуэа щIыналъэм ирашыну е а щIыпIэм щыIэ унагъуэ псэущхьэхэр ящэну хуиткlым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьащхьэрыIуэ узым и кьежьапIэхэр гъэкIуэдыным теухуа Iуэхухэр Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ administрацэм щыгъэну зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 19-м
№16-РГ

● Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ

Мы гъэм илъэс 15 мэхъури къэрал куэдым щагъэлъапIэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр. Абы теухуа унафэ щхьэхуэу къыдигъэкIащ ЮНЕСКО-м. Махуэшхуэр щIагъэувам и мурад нэхъыщхьэхэр лъэпкъхэр хъумэ хъунымкIэ анэдэлъхубзэхэм яIэ мыхьэнэшхуэм иджыри зэ псори иригъэгупсысынырщ, зи щхьэм, зи цIыхухэм, пщIэ яхуэзыщIыкъ къэралхэр, дэ тщыщ дэтхэнэри ди бзэр хъумэным, абы зегъэужьыным къыхуриджэнырщ.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и дунейпсо махуэр мазаем и 21-м щIытрауухуами щхьэусыгъуэ хэха иIэщ. Зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжьну къэуба цIыху гупышхуэ 1962 гъэм и апхуэдэ махуэм Бангладеш щызэтрауклаIуэ щытащ. А махуэр дунейпсо тхыдэм къыхэнащ къаруурэ бжыгъэкIэ нэхъыбэ зыпкъым зи гуащIэр мащIэ, зи хуитныныгъэкIэ дэкъуэа лъэпкъыр зыхидзэфынкIэ хъуну бэлыхьым и щапхъэ фIыцIэу. Апхуэдэ афIэкIа къэбгъэхъу зэрымыхъунум, сыт хуэдэ лъэпкъри и бзэм хуэсакъын зэрыхуейм я дамыгъэщ а махуэр.

ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэкэр, адрейхэм къазэрыщыхьащIкI я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къоозыгащIэу щыIэр абыхэм я анэдэлъхубзэрщ. Лъэпкъым и гущIэм узэрынэсыф, и гупсысэхэм уаэрылъэIэсыф хьугъуэфIыгъуэ инщ, дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) бзэхэм елэжь и къудамэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ябгъэ иткlэ, дунейм тет бзэ мини 6-м я нэхъыбапIэр кIуэдыжьыкlэ шынагъуэщ. Езым нэхърэ нэхъ лъэщ, зызыужьа бзэм щыхэзэрыхьым деж, зэрыхабзащи, зи гуащIэр нэхъ мащIэр токIуэт. КъинэмыщIауэ, гулытэ зыхуамыщI дэтхэнэми хуэдэу, бзэм уримыпсалъэмэ, ар умыджмэ, зымгъэужьымэ, куэд икIунчъыкIым. Лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэм щыщу анэдэлъхубзэр зыджыр абы и процент 70-м нэхърэ нэхъ мащIэмэ, ар кIуэдыжьэкм халъытэ.

«КIуэдыжьыкlэ шынагъуэ зыщхьащыт бзэхэр» ЮНЕСКО-м и дунейпсо атласым къызэрыщыгъэльэгуэмкlэ, апхуэдэ щытыкlэ зыхьлъэм иджыпсту итщ Европэм щызекIуэ бзэхэм ящыщу 50-м нэсыр. Лъэпкъыбзэу щыIэхэм я нэхъыжьхэм хабжэми, ди адыгэбзэм и Iэхуми узыгъэпIейтей куэд хэлъщ. Абы къегъэльагъуэ адыгэбзэр зызыужь, ефIакIуэ бзэхэм зэращымыщIу. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гупым хыхьэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Тхыпъ Пльыжьым иратхащ.

Ди къэралымрэ дуней псомрэ щызекIуэ хабзэхэр ди тегъэщIапIэу, ар хъумэным епха къэлэнхэр дэтхэнэми дгъэзэщIэн хуейщ, анэдэлъхубзэм и дахагъыр, къабзагъыр, абы и зэфIэкIыр дгъэльагъуэу, мамырыгъэмрэ зыужьныгъэмрэ хуэдгъэлажьэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ХамэщIми щыIэфIщ

Тырку Республикэм и Къайсэр къалэм щысэу Джандан (Candan) Чэмал (Кемал) адыгэгу зэрыкIуэщIыпIыр, адыгэпсэ зэрыкIутыр, адыгэр хуабжьу фIыуэ зэрилъагъур и псэлъэкIэ къудеймкIи къыбощIэ. Ар егъэджакIуэу щолажьэ Юсуф Эрдем и цIэр зезыхьэ курыт школым. Чэмал предмет зыбжанэ сабийхэм ярегъэдж - тхыдэ, социологие, географие. Абыхэм нэхъри куэдкIэ игъэнэхъапэхэм ящыщщ Тыркум щыIэ адыгэ сабийхэм езым и жэрдэмкIэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дерсхэр зэрадригъэкIуэкIыр.

- СЫТ щыIагъуэ си псэм хэль си анэдэлъхубзэр дапщащи сфIэлэфIщ, сфIэдахэщ, сфIэлъапIэщ. Тыркум щыпсэу адыгэ сабийхэми ди анэбзэр яIурылъу, ар фIыуэ яльагъуу къэтэджыныр гъащIэм щызэIэ си хъугъэспапIэ нэхъ инхэм ящыщщ, - жеIэ Чэмал. - Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ тхыльхэр дахэ-дахэу димыIэми, езы бзэр, абы и макъхэр, хъэрфхэр гугъусыгъуэ зэхэльми, ди сабийхэм дерсхэр яфIэгъэщIэгъэнщ. Абы щыхьэт тохъуэ зыри дамыуТIыпщIкIыу щыIэ си дерсхэм къызэрекIуалэр. Ахэр хущIокъу ди адэжьхэм тыгъэ лъапIэу кьытхуагъэна ди анэдэлъхубзэм теухуауэ щIэуэ нэхъыбэ къызэращIыным. ГъэщIэгъуэщ мыри: ди сабийхэм адыгэбзэр щаджкIэ, абыхэм кьохъуапсэ я неIыбжьэгу тырку еджакIуэ цIыкIуэхэр икIи ар ззэзыгъэщIэну хуейхэр ябахокI.

ЕгъэджакIуэм зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъ цIыкIуэхэм я бзэхэр нэхъапэм дэкъуэзауэ щыщытащ Тыркум. А къэралым и уэрамхэр тыркубзэм иджыри «Iэщ1элъми», адыгэ сабийхэр адыгэбзэм къарзынэу полъэщ.

Чэмал 1975 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м БешкъазакъхьэбэлэкIэ зэджэ Тыркур куажэм къыщалъхуащ. Ататюрк и цIэр зезыхьэ университетым тхыдэмкIэ и факультетыр кьихуащ. НобэкIэ ар Къайсэр къалэм щопсэу, щолажьэ.

- Сэ Гущыкьэщ1эхэ сащыщщ, - жеIэ абы. - Урыс-Кавказ зауэм и жьы бзаджэр зи унагъуэм щихуахэм дахэхуащ дэри. Ди адэшхуэм и адэшхуэ Сэлихь и анэшхэм (Елокъуэхэ) я гъусэу, щIалэ цIыкIу дыдэу, 1864 гъэм Хэкур ибгынэн хуей хуащ, икIи Тыркум и Бешкъазакъхьэблэм щетIысэхащ.

Сыт хуэдиз мыльку яIэми, Тыркум щыпсэу адыгэхэр Хэкум зэрыплэжьыгъэм егъэгумэщI, икIи «хэхэс» цIэ бзаджэр къатохьэлъэ.

- Интернетым и фIыгъэкIэ, Тыркум исхэмрэ Хэкум щыпсэухэмрэ гъунэгъу дызэхуэхъуащи, адыгэбзэкIэ дызэпсэльэну Iэмал нэхъ диIэщ. Къимыдэкlэ, адыгэ тхыльхэр электрон жыпхъэм иту Интернеткlэ нытхуагъэхь. Апхуэдэуи, КъБКъУ-м и доценту щыта Абазэ Албэч Къайсэр сыщыIущIащ икIи адыгэбзэмрэ литературэмрэ дигъэджри сертификатри къыдитыжащ, - и Iэху зыIутхэмкlэ къыддогуашэ ар.

Егъэджакlуэ Iущыр зэпымычу яужь итщ и адыгэбзэр нэхъ бей зэрищIыным. Ар нэхъыбэу дзэзыхьэхыр адыгэ нарт эпосымрэ, Нало Ахьмэдэхан и тхыгъэхэрщ.

Тыркубзэмрэ инджылызыбзэмрэ фIыуэ зыщIэ, хъэрыпыбзэми щыгъуазэ адыгэ щIалэм япэ иregъащ и анэдэлъхубзэр. Ар хущIокъу адыгэбзэр нэсу и унагъуэм щызекIуэныным. Абырэ и щхьэгъусэ Турканрэ бынитI зэдагъэувтащ; щIалэ Бэржанрэ хъыджэбз Гупсэрэ. Адэр хуабжьу йолIалIэ и бынхэм адыгэбзэр яIурылъу, лъэпкъ литературэм дихьэхыу къигъэхъуным. Адэ-анэр ирогуфIэ Бэржан цIыкIу адыгэ пшынэ еуэн зэрыфIэфIым.

Зи анэдэлъхубзэм апхуэдэ пщIэшхуэ хуэзыщI, абы зиуэзыщIынымы, зиужьынымы хьыщIкъу дэтхэнэми, псом хэмыдуэу хамэщI щыпсэухэм, фIыщIэри щыпхъури яхуэфащэщ. Апхуэдэкъм я щапхъэщ зи гугъу фхуэсщIа ди къуэш Кандан Чэмали.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

Кандан Чэмал и гъэсэнхэм я гъусэу.

Къагъуныгъэ мыухыж

КъыдэкIуэтей щIблэр тэмэму гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ зи гуащIэ езыхьэлIэхэм ящыщщ Налшык дэт гимназие №21-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щезыгъэдж. Махуэ Маринэ Хъэрадин и пхъур. Зэрылажьэрэ куэд мыхьуами, Маринэ категорие нэхъыщхьэ, опыт къулей зиIэ егъэджакIуэщ. Ар сыт щыгъуи егъэджэныгъэм и Iэмалыщ1эхэм лъэныхъуэу, ахэр езым иригъэдж предметым ирихьэлIэу мэлажьэ. Абы къыззрилъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм урокхэр нэхъ щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн икIи купщIафIэ ещI.

- МЫХЬЭНЭЩIХУЭ иIэщ дэтхэнэ зы сабийри пIащIэу адыгэбзэ урокым къызэрыкIуэм. Сэ абы хуабжьу сыхущIокъу, - жеIэ егъэджакIуэм. - Ауэ си джкIэ нэхъыщхьэжщ сабийр си дерсым зэрыщIэс дакъикъэ бжыгъэм кьриубыдэу ди лъэпкъым теухуауэ, ди анэдэлъхубзэм екъэлIауэ щIэ гуэр егъэщIэныр, абыхэм яхуиIэ лъагуныгъэм хэгъэхъуэныр.

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ Махуэр. Жылэм дэт курыт школыр къыщиухуам щыгъуэ, бзылъхугъэ цIыкIуэм къыхихакIэт зыхуеджэну Iэщ1агъэр. 2004 гъэм Маринэ лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым икIи екъулIэныгъэкIэ ар къиухащ. Зэреджэм хуэдэуэрэ, лэжьэн щыщIидзауэ щытащ Налшык дэт гимназие №91-м. Алъандэрин абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж.

Анэдэлъхубзэмкlэ дерсхэм я мызакъуэу, егъэджакIуэм и гъэсэнхэм ядрегъэкIуэкI лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм я теухуа къэхутэныгъэ гъэкIыгъэ куэд. Ари и еджакIуэ цIыкIуэхри жыджэру хэтщ кьалэм, республикэм бзэмкlэ щегъэкIуэкI зэпеуэ зэмылIэужьыныгъэхэм, увыпIэфIхэри кьыщащхь. Апхуэдэкъэщ, псалъэм папщIэ, Школакlуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щыпIэ Iыхьэм щытекIуэхэу Уэрэзей Миланэ, Хьэщ1элI Маринэ, Иуан Дианэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Пэжьэкlэщ1эр - школым» фIэщыгъэр иIэу иджыблагъэ екIуэкIа республикэ зэпеуэм нэхъыфIу кьыщалъытащ Махуэ Маринэ ита дерс зэIухар. Апхуэдэ текIуэныгъэхэм егъэджакIуэхэми еджакIуэ цIыкIуэхэми я лъэр нэхъри нэхъ жаныж ящI, лэжьыгъэщIэхэм трагъэгуащ.

Адыгэбзэм лъагуныгъэ мыухыж хуэIэ, иригъадж дэтхэнэ зы сабийми и псэм а гурыщIэр кьыщигъэушыну хущIэкъу егъэджакIуэ Iэкlуэльакlуэм екъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну, абыхэмкlэ и цIэр фIыкIэ къэIуну ди гуапэщ.

КУШБОКЪУЭ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Унагъуэ псэущхьэм хьащхьэрыIуэ уз зэрыпкърытыр Тэрч районым хыхьэ Хьэмидей къуажэм наIуэ кьыззэрыщыхьуам кьыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накьыгъэм и 14-м кьащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткlэ, 2015 гъэм мазаем и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм ыдигъэкIа унафэ №МШ-05/99-м тету икIи хьащхьэрыIуэ узым и къежьапIэхэр гъэкIуэдыным теухуа Iуэхухэр Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ administрацэм щыгъэну зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 19-м
№16-РГ

БИЦУ Анатолэ

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуэдэ

Анэдэлъхубзэ

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?

Си анэдэлъхубзэу дахэ,
Си анэдэлъхубзэу пагэ,
Зэгуэр ди адэжьхэр уэрти
Дуней псом яэрыхэтыр!

Си анэдэлъхубзэу гуапэ,
Си анэдэлъхубзэу гуащIэ,
Уи бын пэжхэр щIым гуп-гупу
ЩIызэбгридзакъэ гъащIэм.

МащIэр хъурэ гуащIэмащIэ?
МащIэр хэкIуэдэжрэ занщIэу?
Си анэдэлъхубзэу щыпкъэ,
Уэ ущхьэщIыхьакъым нэпкъым!

Си анэдэлъхубзэу нахуэ,
Си анэдэлъхубзэу хахуэ,
Зы шу закъуэу щытми, нартыр
Пэуныфти и дзэм чынтым!

Си анэдэлъхубзэу уардэ,
Си анэдэлъхубзэу быдэ,
КIуэщIыр пэжмэ уэ уи лIыгъэр,
Ар дэращ зи хуэмыхуагъэр.

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?

И тхылъ тIэкIуэхэр пхуэхъуу мащэ,
Уехьжауэ дунейм къищIэм, -
Си анэдэлъхубзэу хъыжьэ,
ТхакIуэр уэ уи сын мывэжьхъэ!

Ямыпсыхьу къэна куэпкъырщ
Сосрыкъуэ иIар лIапIэу.
Си анэдэлъхубзэу лъапIэ,
Уэ улIэжмэ -
ЛIэжащ лъэпкъыр.

Сирие, Дамаск къалэ.



ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Едыдж Нихьэи: Си гур къабзэу дунейм сытетщи, си махуэри дахэщ

Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я хъуэпсапІэ нэхъыщхьэ дыдэр къызэхъулІа цІыху насыпыфІэхэм ящыщ Едыдж Нихьэи и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 70 ирикъуащ. Ар Тырку Республикэм хыхьэ Анталие къалэм епха Елэмэ къуажэ цІыкІум 1945 гъэм къыщыдэлъхуащ. 1953 гъэм абы я унагъуэр Анталие Іэпхъуащ. И сабиигъуэри балигъ гъащІэри аращ щихьар Нихьэи, ауэ жьыщхьэ махуэр къыщыхуихуар и хэкужьыщ. Пенсэм кІуа иужь, зэрыщІыкІурэ и псэм щигъафІэ адэжь щІыналъэм 1995 гъэм къэІэпхъуэжауэ, и унагъуэр и гъусэу Налшык щопсэу.

- 1888 гъэм хэкур зыбгъна адыгэхэр щытІыса щІыналъэ сэ сыкъыщалъхуар, - жеІэ Нихьэи. - Елэмэ жьилэр 1200-м нэс къаратІэм тесщ. ЩІымахуэм уэс къыщесу, уэшх къыщешхыу апхуэдэщ. Ауэ щІыр зэрымащІэм къыхэкІыу, дэсхэр хуэм-хуэмурэ Анталие Іэпхъуащ. Сэ си ныбжьыр илъэси 8-м иту си унагъуэри кІуащ а къалэм. Абы сыщеджащ. ИтІанэ Анкара дэт институтыр нэмыцэбзэмкІэ егъэджакІуэ ІэщІагъэр сиІэу 1970 гъэм къэзухащ. Зэлазыгъ тырку къалэм дэт колледжым нэмыцэбзэр илъэситІкІэ щезгъэджащ, иужькІэ Анталие згъэзэкри, сызыхуеджа Іэщ Іагъэм илъэс 23-кІэ, псори зэхэту илъэс 25-кІэ, сриІэжьащ, пенсэм сыкІэухуу.

- Сабиигъуэр цІыху гъащІэм хэт пІалъэ нэхъ Іэфірауэ жаІэ, ар щыгъэкІуа къуажэ цІыкІур уигу къызэринар арагъэнщ абы теухуа тхыльэ къыщІыдэбгъэкІар...

- Иджы цІыху мащІэ дыдэ фІэкІа зыдэмысыж адыгэ къуажэ цІыкІухэм ящыщщ Елэмэ. Нэхъапэм апхуэдэ жьилэу 800-м щІигъу щыІащ Тырким. Абы щызекІуэу щыта бзэр, хабзэр зэраІэщІэхур слъагъурти, а жьилэм и кІэжьыкІамрэ зэрыпсэуамрэ сымыгтхэн схуэфІэкІакъым. А тхыльым итщ къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, уэрэдхэр. Уэрэд 300 хуэдиз жаІэу щытауэ сощІэж, ауэ къэзгъэтыжыфар 40-щ, нотэхэри щІызгъужащ.

Тхыльым ІупщІу къыщыдгъэлъэгъуэжащ къуажэм иІа псэукІэр, дэлъа хабзэр, ар а щІыпІэм деж зэрытІыса щІыкІэр, дэса лІакъуэхэр, жьилэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІуа щІэныгъэпІэжмэрэ ІэщІагъэпІэжмрэ.

Сэ мащІэ-мащІэу зэхуэсхьэжат хэхэс адыгэхэм яхъума ІуэрыІуатэр, таурыхъхэр, псалъэ шэрыуэхэр, щІагъыбзэкэр, джэгукІэхэр, адыгэ шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкІэхэр, нобэ къамыгъэсэбэпыж псалъэхэр. А псори тхыльым щызэхуэсхьэри, къуажэм и теплъэр кьиІэзэрыщ сурэтхэри изгъэващ.

- Фэ зэрыбын дапщэ фыхъурэт, Нихьэи?

- БыниплІ драІэт ди адэ-анэм. Зэшищым зы шыпхъу нэхъыжь диІэт. Си шыпхъумрэ си зы къуэшрэ дунейм ехыжащ, адрей си къуэшыр иджыри Анталие щопсэу. Сэ унагъуэм щІалэ нэхъыщІэу сакъыхэхъуати, Нихьэи къысфащат. Си цІэм хъэрпыбзэкІэ «ижькрей» кІыкІыу аращ. Си къуэшым сэрэ щІэк-щІэхъуэ дыдзэрощІэ, адрей ди анэкъиІупхуэхм я бынхэри къытхэгъуащІощ, дызэкІэпоклуэ.

- Ди зэпсэлъэныгъэр уи сабиигъуэмкІэ къыщыщІэддзакІэ, мыпхуэдэ зы упщІэ уэстынут. Тырким къыщалъхуа адыгэ щІалэ цІыкІум лъэпкъ зэхэщІыкІыр и щхьэ къыщихьар дапщэ? Уэ зы лъэпкъ гуэр ущыщу, уэхьщалъхуа щІыпІэм ущыхэзысу, адэжь хэку уиІэу къыщыпщІар, абы уегупсысу щыщІэбдзар сыт хуэдэ ныбжьыра? КъэсщІэну сызыхуейр зыщ: хамэ къэрал къыщалъху адыгэр адыгэу къызэрызэтенэр дауэ?

- Сэ сыщысабийм адыгэ фІэкІа дунейм темыту си гугъат, цІыху псори адыгэбзэкІэ псалъэу къысщыхъурт, ди унагъуэм, ди къуажэм арат щызекІуэри. ЕджапІэ сыщІэтІысхьа нэужь, си зэхэщІыкІым зиужьащ, дунейм лъэпкъ куэд зэрытетри, дэ адыгэхэр тыркуэм дазэрыхэсри къэсщІащ. Ауэрэ дыкъудэкІуэтэйри, нэгъуэщІ къалэхэм щыпсэу адыгэхэми сахуэзащ. Адыгэу дэнэ щІыпІи укъыщІэзгъотенэфынущ, уи унагъуэм бзэр щагъэшІэрыуэмэ, хабзэр щІэзэрахьэмэ, лъэпкъ тхыдэм щыщ ящІэмэ. Абыхэм сабийр щІагъэджакІыпхэр къыдэкІуэтеймэ, зыщыщри зищІысри ищІэжу къохъу. ИтІанэ Іэмал имыІэу плъагъуну ухуейщ дахэр къыздикІа щІыпІэр, апхуэдизу гущІыхьэу Іэщ Іыщ ящІа жэнэт щІыналъэр. Пльагъуну ухуейм и закъуэкъым, уи псэр кьеІэу уопсэу, уи унэжь, уи лъапсэжь бгъэззжыну узэрыхуейм хуэдэ дыдэу, уи хэку укъитІысхьэжыныр уи хъуэпсапІэу.

- ДыдэрыщыгъуаэмкІэ, уи хэкум укъэмыкІуэж щІыкІэ адыгэм иФІ зыхэлъ Іуэху куэд дэбгъэкІыу Хасэм ущылэжьащ.

- Си ныбжьыр илъэс 20-м иту Анталие Хасэ къыщыдзэІусхауэ щытащ сэ. Абы щыгъуэм, 1967 гъэм, шынагъуэт лъэпкъ Іуэху зепхуэну, уеблэмэ уи анэдэлъхубзэкІэ упсэлъэну ухуиттэкъым. «УагъэтІысынущ, щхьэпылъэ уащІынущ, апхуэдэ Іуэху ухэмыхьэ», - жаІэурэ псоми къыізжаІэрт. Ауэ абыхэм щхьэкІэ сыкъикІуэтыртэкъым. «Адыгэ Іуэху щхьэкІэ япэ лъэхъуэщ щІэхуэнир сэра ирехъу», - жысІэри, си Іуэху иужь ситащ икІи къыізжаІуліащ. Абы бэлыхьу пылъыр къэгурыІуэрти, си Іуэхур къызідзэзыІыгъыр мащІэт. Дауэ мыхъуми, Анталие Хасэр къызэІутхауэ щытащ, иджыри къызідзэсым мэлажьэ. Къурмэну яуклІэм я фэхэр къыхэтхыурэ тщІэурэ, илъэсищым и кІэуцІкІэ ахъшэ зэхэтхъэсри, Хасэм Іуэхущ Іапі э къыхуэтщэхуат. ЦІыхуи 100 - 150-рэ хуэдизэ къекІуалІэрт абы щыгъуэ, иджы куэдкІэ нэхъыбэщ. Сэ а Хасэм тхьэмадэу, зы тхьэмадэ къуэдзэу бухгалтеру илъэс 27-кІэ сыщылажьащ.

- Сыт хуэдэ мурад фиІэу къызэІуфхат а Хасэр? Сыт къывэхъуліа?

- Псом япэу, Тырким щыІэ нэгъуэщІ хасэхэм запытщІри, нэхъыфІу дызідзэлажьэн папщІэ, къэралым ит адыгэ хасэхэм я зэхуэс зэхэтщауэ щытащ. 1968 гъэм екІуэжьа зэхуэсыщхьэм жэрдэмщІакІуэ хуэхъуар сэрат. А зэхьыхэращ иджыпсту Тырким щылажьэ Кавказ Хасэхэм я Федерацэм лъабжьэ хуэхъуар. Зэхуэсыр япэщІыкІэ Кьайсэр щедгъэкІуэкІащ, ИтІанэ Анкара щызэхэтщащ, апхуэдэурэ хасэхэр зэхыхьэ хъури, КАФФЕД-р къэунэхуащ. Истамбыл, Анкара хасэхэм кьакІэлъыкІуэу Анталие хасэрагъэнщ. Ар зыкъэзэгъэпащэр. Абы анэдэлъхубзэр пщІэнІзу щедгъэдж курсхэр кьащцызэгъэтащ. ЦІыхухэм хьарзынэу, жэрдэм яІэу зэрагъащІэрт адыгэбзэр, ауэ кириллицэр къэдгъэсэбэпу ядэрт-къыми, зыхудгъэщІыжьым кьызэІутхыжьыурэ, гугъу дехьми, ди лъэпкъэгъуэр едгъэжащ. Ди ІэпкІэ гурыльым едгъэжащ. Ди ныбжьыр кьытхуамыдэхэми зетпщытыт. КьищынэмыщІауэ, нэхъапэм адыгэхэм тырку хъыджэбз къыщашэ куэдрэ къэхъурт. Ди щІалэхэм я процент 90-м тырку кьашэу щытамэ, а Хасэм сэ сыщыІэжу процент 90-м кьашэр адыгэ пщащэу, процентри 10-м тырку псэуэгъу яІщу зэтхъуэкІыфат.

- Иджыпсту къакІуэ-кІуэжхэр, къэІэпхъуэжхэр нэхъыбэ хъуащ. Къэрал гъунапкъэхэр щызэхуэщІа а лъэхъэнэми хэкум къэкІуэжьфыну гугъэ зиІэ щыІэт, хуейт зыри зыхамыщІыкІ щІыпІэм къэІэпхъуэжыну?

- Дэ абы щыгъуэ дызытета политикэр зыт: хэкум дыкІуэжьи хуейщ, дымыкІуэжмэ - дыкІуэдынущ. АрщхьэкІэ, псори зэуэ щызэгурыІуэ кхъэъуэ? ПІэнынкъуэ зырызу гуэша дыхьури, хэти дэ жьатІэр кІыдджиштэу, хэти къыттэщІэвэу хуежьащ. Къуажэм дэсхэм ящыщу мыпльку нэхъ зиІэр си унагъуэрати, цІыхухэр кьысхуэпсалъэрт. «Хэкум кІуэжьи хуейщ жиІэу утыку ит щхьэкІэ, апхуэдизу мыпльку кьиІэкъым. Пльапкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кьахэкІахэр щошхэ ди деж. Пльапкъ Іей щыІэжьым, цІыху мыхъумыщІэ фІэкІа.

Пльапкъэм зыри я лажьэкъым, лажьэ зиІэр политикэр зезыхьэхэращ. Иджырей щІалэгъуэм фІым ущагъэгугъ. Хабзэ, нэмыс яхэлщ. Нэхъыжьыр ятІупщу апхуэдэщи, кьыщыщІыхьэкІэ, фІэхьыс гуалэ кьызэхьу, фІыщІэ псалъэ кьызэжаІэу щІэкІыжу апхуэдэщ. Сропагэ абыхэм.

- ШхапІэм къыщІыхьэ дэтхэнэми гу лъитэу къыщІэкІынщ унагъуэм щІэсхэр фызэрызэдэлажьэми, зэгурыІуэрэ-зэдэІуэжу фызэрызэдэпсэуми. Апхуэдэуи гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым уи Іуэхур къыбдиІыгъыу, уи гупсысэр къыбдиштэу Шукрэн уи щыбагъ къызэрыдэтым. Илъэс 70-м унэсауэ уи гъащІэр къыщупщытэжкІэ, а илъэсхэр зэрызэхэлъа дакъикъэ Іэфірэр уигу къыщыбгъэкІыжкІэ, щхьэгъусэм теуха зы псалъэр лейуэ, емыкІуу къэслъытэрэкъым...

- ЦІыхухэр ин зыщІыр, и пщІэр зыІэтыр щхьэгъусэраущ жаІэ. Уи унэгъащІэр жыпІэм кьытемыхуэмэ, къапщтэр кьыбдимыІыгъмэ, пхуэзфІэкІынышхуэ щыІэу къыщІэкІынкъым. Сэ нобэм къэс кьызэхъулІам и Іыхьэ хэлъщ, дауи, унэгуащэм. Ар Адана къыщалъхуащ, Щыкуэкэ япхъущ. Зы лъэныкъуэкІэ упльэмэ, зы гупсысэм тІури утетэ, гъащІэр кьоХъулІэну кьызыщохъу. Унэгъащэр зыгъэбжьыфІэри, пщІэ Іуэхум псэ хэзылъхьэри а зэгурыІуэныгъэращ.

Апхуэдэуи ди бынхэр ди жьыІэм щІэтщ. Тамериси Едыджи щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ, ауэ иджыпсту дэ кьыддолажьэ. Пщащэр Цейхэ я нысэщ, хъыджэбзитІрэ зы щІалэрэ яІэщ - Дижан, Сэжан, Синэмис. Едыдж зы къуэрэ зыпхъурэ иІэщ - Лъэпщэр Уэрэдрэ.

- Тхъэм кІуэдрэ уакІэлъигъэпІэ, Илъэс 70-м къриубыдэу гурыфІыгъуэ куэд пльэгъащ, гукъэжьыж нэхъыфІэр сыт хуэдэ жысІэмэ, къыпхуэхъыну зыгуэр?

- Си гъащІэм зы фІы гуэр къызэхъулІамэ, си гур зэгуэр хэхъуамэ - ар си адэжь хэку сыкъызэрыкІуэжаращ. А гурыщІэм и инагъри и Іэфіагъри фэ къывгурыІуэнукъым, фи хэку фыкъыщалъхужащ, абы пэІэщІэу фыщытхакъым. Хамэ щІыпІэ уи щыпсэуну гугъущ. Сыт хуэдизу уи Іуэху дэкІыу уцылажьэмэ, Іуэхуэлажьэ хамэ къэрал. Іей гуэр пІощІэщІамэ, «укъызідикІам кІуэж» къыжьаІэну хьэзырыхъэщ. Си гъащІэр зыгъэдахэр си хэку сызэрисыжырщ, си бынхэм зэнэдэлъхбзэ зэращІэрщ, си къуэрылъху-пхъурылъхуэр къаІуры-лъэлъу адыгэбзэкІэ зэрыпсалъэращ.

- Дунейр фІы защІэу зэрызэхэмылъым хуэдэщ цІыху гъащІэри, Іэфіымрэ дыджымрэ, фымрэ Іеймрэ зэхуэдэу ущрихьэлІа гъащІэм? Іэфіым дауэ уигъэгушхуа, дыджым дауэ упекІуэкІа?

- Фіымрэ Іеймрэ гъащІэм щызэхуэхуэнкІэ къыздокІуэкІ. Ауэ сэ къызэрыслъытэмкІэ, уи гур гуапэмэ, уи бзэр Іэфіымэ, уи гуэугуми уэшцрихьэлІэнур ардыдэрщ. Хэт игу Іеймм - абы фІы лъэпкъ къыдэхьунрыкъым, ар быдэу фи фІэщ фщІы. Хьэрэм зезыхьэм, нобэ мыхъуми, пщэдей ипшынысынущ. ФІы, дахэ, насып ухуеймэ, зепщІыкІэ уи гугъкІэ, уи щхьэкІэ кьабзэ, зэІуха хъуф. Зыгуэрым сыкуэпсэльэну, и гуэзгу зэпызупщІыну, Іуэху Іей злэжьыну зэи сигу кьакІэкъым. Арагъэнщ гъащІэм и нэхъ Іэфіым Іэр згъэнэхуурэ сыкъыщІрикІуэр. «ФІы пщІэмэ, фІы ухуозэж», - жыдоІэ адыгэхэм. Си гур кьабзэу дунейм сытетщи, си махуэри дахэщ, си Іуэхури мэкІуатэ, сыкъэзэзыхуреихьэмкІи сыарэзыщ.

- Унасыпыфі э?

- Сынасыпыфі Іэщ.

- Сыт ар зыхэлъагъуэр?

- ЦІыху къэс езым иІэжщ насыпкІэ зэдж, насыпыфІэ зыщ, насыпу кьилытэ. Тхьэм цІыхум акъыл кьритащ, зрикІуэну гъуэгур хухихащ. Акъыл щыбгъгъэдэлъкІэ, узыхэдэнымрэ кьыхэпхъынымрэ уи пащхьэ щиткІэ, адэкІэ уи насыпыр уэ зэрызэтебгъэзувэщ. Насыпщ уи акъылыр пхуэгъэлажьэмэ, уи гуэгур кьыхэпхыфрэ бэлытІэлъншэу зрикІуэфмэ. Сэ тэнышу, насыпыфІэу сыщІэпсэуэр Тхьэм кьызитар кьызэзрыгъэсэбэпыфаращ.

Епсэльар

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

• ДифІ догъэлъапІэ

Едыдж Нихьэи

Нихьэирэ Шукрэнрэ япхъу Тамерис я гъусэу. *1980 гъэ*

Нихьэи и ныбжьэгъуэхм я гъусэу. *2004 гъэ*

• Мазаем и 23-р Хэкум и хъумакІуэм и махуэщ

Партизан хахуэ Црым Сэрэбий

ДэжьакІуэбзэм я насыпым щхьэмыгъазэу щІэбэна бгырыс шууейхэм ящыщщ ПІэрэдж ауэзым щалъхуа Црым Сэрэбий Къарамырэ и къуэр. Граждан зауэм и лъэхъэнэм ар и къуэш нэхъыжь Урысбий и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэр революцэ щуудэзэм хэтащ.

РЕВОЛЮЦЭ нэужьым, къэралым и щІыпІэ псоми хуэдэу, Сэрэбий и къуажэ Зэрэгъыжьми мамыр псэукІэр щыват. ЦІыхухэр тхъэмыщкІэт, щІэныгъэншэт, иІэщІыгъэкІэрэ зыхэта кІыфІыгъэр гъэкІуэдыным хуэкІуэ япэ лъэбакъуэхэр ячу арат. Адрей ди жылагъуэхэми ещхьу, Зэрэгъыж а зэманым дэт гнэхэм я нэхъыбапІэр бгъэныщхьэт, щІантІэкэр, хадэхэр къуаф бжыхькІэ къэхухьат, цІыхухэри щыгъынкІэ, ерыскъкІэ хуэщІатэкъым. Жылэм псэукІэщІэ щыухуэным теухуауэ щыІэ цІыхубэ зэщІэхъьееныгъэм гъуаэз яхуэхъуаэхэм ящыщщ Црым Сэрэбий.

Ар щууейі Іэзэт, Іэщэ-фащэмэ хуэІэкІуэгъакІуэт. Адыгэ цей фІыщІэр екІупсу зыщыгъ партизан щІалэр щууэ щалъагъуклІэ, къуажэдэсхэм жаІэрт: «Бэм ди телъхьэ лІыщ ар». Пэжу, щІалэ жыджэрым и къару куэд хилъхьат мэкъумэшыщІэхэр зэгуэгъэхьеным, я гъащІэр егъэфІэкІуэным. Ар ящыщщ Зэрэгъыж къыщыізэрагъэпэща ратт ячейкэм япэу хыхьаахэм. ЦІыхубэ щІэныгъэншагъэр гъэкІуэдыным, щІалэгъуэлэр фІым хуэгъэсэсэным еш имыщІэу щІэбэн щІалэщІэр мызэ-мытІэу хахащ къуажэ унафэщІу икІи дапщэщи нэсу игъэпэжащ къыхуащІ дзыхьыр. Пщэрылъ къыхуащІ сыт хуэдэ лэжьыгъэмэ хуэжьыджэрт икІи жэуапльныгъэ ин зыхищІэу ирихьэкІырт Црымым. Ар дэнэкІи нэсырт, и нэкІэ зригъэлъагъурт къуажэм щекІуэкІ сыт хуэдэ лэжьыгъэри: ІэнатІэщІэхэр къипщытэрт, еджапІэм, сабий садым я Іуэху зыІутыр зригъащІэрт, къуажэ зэІущІэхэм къыщыпсалъэрт, чэнджэщ щхьэпэхэр итырт. Бэм хьэлэлу яхуэлэжьэныжкІэ Сэрэбий хэлъ хьэл-щэныфІхэр къыхалъхьат и ныбжьэгъуфІхэу, къэрэхьалъкъым я гъуаэзэхэу Къалмыкъ БетІал, Къэрэшей Хьэжумар, Беслъэней Хьэбалэ, Шыкуэ ТІутІ, Калабеков СултІан-Хьэмид, Энеев Магомед сымэ.

Хэку зауэшхуэр кхъхьейуэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІынальэм къыщыблэгъам, Црым Сэрэбий Зэрэгъыж къуажэ советым и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІу лажьэрт. ЛІыгъэ зэхэгъэкІыпІэ зэманыр къыщысым, Црымыр я къуажэм щыщ щІалэ зыбжанэ я гъусэу дэкІри Шэрэдж аузым зыщызыгъэбыда партизан гупым яхьхьаащ. Ахэр ерыщу пэщІэтащ ди щІыналъэм кхиъха биим. Партизанхэр мызэмытІэу ятеуащ фашистыдэзэм и гуп щхьэхуэхэм, Іэщэ-фащэ щахъумэ щІыпІэхэм. Граждан зауэм ІмыгъэІ хэтыу щызэуа Црым Сэрэбий куэдрэ щапхъэ яхуэхъурт партизан щІалэхэм. Езыми ахэр игъэІуцырт, ищІийрт, зэрыпхъуакІуэхэр зэзэгъэтэным кхъхуриджэрт, зэрытекІуэнур я фІэщ ищІырт.

А хъуэпсапІэхэр нахуапІэ хъущ, илъэсиплкІэ екІуэкІа Хэку зауэшхуэр иухри, арщхьэкІэ Сэрэбий а фІыгъуэхэр ильагъуну хунэсакъым. Зи Хэкум епщІыжахэм я бзэгукІэ, ар фашист зэрыпхъуакІуэхэм ягубури 1942 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Шэрэдж аузым и мэз фІыщІэжьхэм щаукІащ.

Куитынныгъэр зыгъуэтыжа и жылэр, и къуажэгъуэр, зызыщимигъэнщІу щыта Шэрэдж псы уэрыр, мэзышхуэр, абыхэм жэщи махуи къащхьэщыт бгы уардэхэр партизан хахуэм ильагъужакъым. Андемыркъан и хэкум - аузышхуэм - ноби къыщыІу хуэзэщ укІыпІэм ираша Црымым макъ лъэщкІэ фашистхэм яридза псалъэ пэжхэр: «Сэ си лъыр ищІэжынщ Дзэ Плъыжьым! Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм - ажал!»

Сэрэбий яукІа нэужь абы и унагъуэм лей куэд къытехащ бийр ди щІыпІэм исыху. Абы и щхьэгъусэ ХьэІишэтрэ ипхъуэху Лолэрэ Лацэрэ нэмыцэхэм тутнакъэщым ирадзащ икІи бэлыхь куэд ирагъэшэчащ. А гугъуехьышхуэхэм яхьащ ХьэІишэтрэ зэшыпхъухэм я нэхъыжь Лолэрэ. Зауэ нэужьым унагъуэм щыщу псэууэ къэнар Лацэ и закъуэт. А лъэхъэнэ хьэлъэр игу къыщигъэкІыжкІэ, абы и псэр зэщІиубыдэрт а нэщхъеягъуэщхуэм.

- Си адэ тхъэмыщкІэр ящыщщ ТекІуэныгъэ Иным папщІэ зи псэр зытехэм. Ар яукІа нэужь, къыщІэна унагъуэр гугъу дыхьэрехьар зэи сщыгъупщэнукъым, - игу къигъэкІыжьырт Лацэ сыщыхуэзам. - Прохладнэ драшри Украинэм хыхьэ Шепетовкэ къалэм пэгъунэгъуу Славутэ деж, Дрогобыч сэ ди унагъуэм гъэрэщым бэлыхь куэд щытпэчащ. Ерыскъыншагъэм, щыгъыныншагъэм, щы-Іэмрэ махуэ кьыс кьыддадэ удыпхэмрэ къарууншэ, ныкъуэдыкъуэ дащІырт, ди лъэр щІахьрт... ПсалъэкІэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдэщ а псор... Советыдзэм 1944 гъэм хуит дыкъащІыжащ лагерым исахэр. ЕтІуанэу сыкъыщалъхуа махуэ хуэдэщ ар си дежкІэ...

Зауэ гущІэгъэншэм и эрранкІэ апхуэдэ бэлыхьэр зышчахэр куэд дыдэ мэхъу. Лацэ и адэри, анэри, щыпхъу закъуэри биим яІэщІэкІуэдащ. Гугъуехь куэд и фэм дэкІами, езыр Тхьэм кьихъуащ. БалигъыпІэ иува нэужь, Лацэ унагъуэ ихьащ. Абы и щхьэгъусэ Уэзрокъуэ Борисрэ абыр бынищ зэдапІащ: Руслан, Славэ, Светэ сымэ. Дэтхэнэми гъащІэм увыпІэ тэмэм щигъуэтащ, щІэблэ узынши къащІэхъуащ.

Абыхэм, апхуэдэ цІыху мелуанхэм я насыпым, куитынныгъэм папщІэ и псэр итащ партизан хахуэ Црым Сэрэбий.

ХЬэТІОХЪУЩОКЪУЭ Хуту.

Тохъу ТІутІэ и зауэ гъуэгур

Старэ Лэскэн (иджы Анзорей) къуажэм щалъхуа Тохъу ТІутІэ ящыщ ТекІуэныгъэ Иным щІэхъуэпсу Хэку зауэшхуэм и гъуэгу кІыхьыр къазыкІуа ди лъэпкъэгъу аІыхьужьхэм. Ар зауэм и пэкІэ кощхозым щылажьащ, мэкъумэщ ищІэу, бригадэ щхьэхуэм и учётчикыу.

НЭМЫЦЭХЭР ди къэралым 1941 гъэм къыщытеуам, ТІутІэ Дзэ Плъыжьым ираджащ икІи Москва кьалэм зэрынэсу 384-нэ фочауэ лъэсыдзэ полкым хагъэхьащ. Іэщэ-фащэм зэман кІэщІкІэ хурагъаджэри, Сумскэ областым зауэ ІэнатІэм щыІухьащ. Адрей ди зауэлІ мелуанхэмэ хуэдэу, гугъуехь куэд и фэм дэкІащ адыгэ щІалэм, ауэ къэхъуакъым ар къыщыдзыха, ита зауэлІ тхъэрыІуэм щепщІыжа. Апхуэдэ хьэл-щэнхэр абы наІуэ къыщІащ зэуапІэм щыІутами, биим и къуэхъурейхьыныгъэм щихуами, Белоруссием и мэзхэм щыщызэуами, нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди щІыпІэм щрахужми.

Сызыхэт полкым щыщ зауэлІ гупышхуэ 1941 гъэм и Іыхьэм фашистхэм дзэхэм дыкъуэхъуреихьауэ щытащ. Бийр щынэхъ тІасхъэ лъэныкъуэмкІэ дыщеб-гъэрыкІуэщ, абы дыкъикІри, Белоруссием и мэзышхуэми дыхьыхат. АрщхьэкІэ ди дзэхэм дахьыхьэжыну Іэмал дгъуэтыгъэтэкъым, биим къытпикІухьати, - игу кьигъэкІыжьырт Тохъум. - Хуабжьу гугъу дехьауэ дарихьэлІащ партизан гупым. Абыхэм я командир капитан Никитиным и унафэкІэ дызыхагъэхьауэ щытащ, ди Іуэху зыІутыр зэхэткІа нэужь.

Партизан гупым и еханэ ротэм хэту ТІутІэ нэмыцэхэм япэщІэтащ 1942 гъэм и мэлыжьыхь мазэм къыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм нэсыху. ЖыпІэнурамэ, абыхэм зэщІынигъэшхуэ иратырт бий зэрыпхъуакІуэм. Зы махуи къэмынэу ахэр ятеуэрт нэмыцэ фашистхэм я быдапІэхэм, хъуманІэхэм, кьагъауэрт Іэщэ зышэ эшелонхэр, бий мафІэгъуэр зрикІуэ гъуэгуэр, лъэмыжхэр. ЦІыхьыпрабгъу щІэхьэ ямыщІэу, я псэ емыблэжу зауэрт партизанхэр.

Зэгуэрым унафэ къытхуащІащ нэмыцэхэм яубыда куэл гуэрым Іэщэ щахъумэу дэт гъэтІылъыпІэшхуэр къэдгъэуэн хуейуа. А къалэнир дгъэзэщІауэ дыкъыздэкІуэжым, зы взвод хуэдиз хъу нэмыцэ гуп мэзым къыпхыкІ гъуэгумкІэ кьытхуэкІуэну дольагъу. Дэрат япэу абыхэм гу ялъызытари, дахэуэу щІэддзащ икІи я нэхъыбапІэр дукІащ, кьэнахэри мэзым хэлъэдэжащ, - жиІэжьрт ТІутІэ. - Дэ тщыщу тІу уІэгъэ дыхъуат. Абы щыгъуэ махуэ тІощхьэ щІигъукІэ кьыззэІэзащ дохутырхэр. Си уІэгъэр кІыжа нэужь, зауэлІэм сахьыхьэжауэ щытащ.

Никитинрэ зи унафэщІ партизан гупыр 1942 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм Калинин фронтым кьызэпрагъэкІри, ди дзэхэм кьыхагъэхьэжащ. ТІутІэ и уІэгъэр кьэхьеижати, Башкирием яшэри абы щыІэ госпиталым мазитІ хуэдизкІэ щІэлъащ.

1943 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ Тохъум советыдзэм зэуэн щыщІидзэжащ икІиебгъэрыкІуэныгъэ гъащІэм хэтащ, иІыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэлъагъуэу. Смоленск деж кІэуэкІа зауэ гъащІэхэм Тохъур уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Ар яшащ Къыргызыстан и кьалащхэ Фрунзе зауэлІхэм ящІэззуэ дэта сымаджэщым. Зы мазэкІэ абы щІэлъауэ, ныкъуэдыкъуагъэ бгъэдэлъ зэрыкъуэм кьыхэкІыу, дзэ комиссэм унафэ ищІащ Тохъу ТІутІэ зэуапІэм Іухьэж мыхъуну.

ТекІуэныгъэм и махуэр къэгъэблэгъэным къару куэд ирихьэлІащ ТІутІэ. КъикІуа зауэ гъуэгуанэм, зэрихьа лІыгъэхэм кьыпэкІуа дамыгъэхэр, фІыщІэ тхьилъхэр сакъыу ихъумащ Тохъум. Апхуэдэу абы зэи щыгъупщащхьам зауэ ІэнатІэм Іуту гугъуехь куэд зыдигъэша и ныбжьэгъу зауэлІхэр, командирхэр. Псом хуэмыдэу гукъинэж щыхъуат зауэм и гуащІэгъэуэу Белоруссием и мэзхэм щыщызэуам щыгъуэ иІа ныбжьэгъуэр. Абыхэм я фэ ирипльу ар щІэх-щІэхьыуэ едаІуэрт «Си полкэгъуэр» («Однополчане») уэрэдым.

Зауэм кьикІыжа нэужь, Тохъум хуэфІэкІ кьимыгъанэу жылэм дэлэжьыхьащ. Ар япщІэуэ щытащ еджапІэхэм, хэкупсэ гъэсэныгъэ щІэблэм ядригъэкІуэкІну. Езыми унагъуэшхуэ иІащ: зэщхьэгъуэсхэм кьуитІрэ пхъуитхуэр зэдапІащ, ирагъэджащ, хэкур фІыуэ ялъагъуу ягъэсащ. Ахэр, абыхэм къащІэхъуа щІэблэр мэпсэу, я адэм, адэшхуэм и щапхъэм тету.

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

❑ЦІыкІуэхм факъыхуеджэ

Дыгъужьымрэ щакІуэмрэ

Уэс хъутым мэзыр гущІэгъуншэу иудыныщІэрт, хуэзфІэкІынур игъэлъагъэ нэр игъэплъэртэкъым. Зи щхьэр ехьэхауэ кІуэ дыгужьыр жыг укІуриям ихьэхуауэ. КьыпимыкІухьу щыщхьэрыпщым и лъэбжьанэр лъыпсыр ныкІужу фІитхъащ. ЩІыІэр зэуэ уІэгъэм епхъуэрэ, хэщІыкІыу еТІысэхащ. Дыгужьым и кІэбдз лъакъуэр зэпилпІъыхьынут, ауэ уэс зэрызехьэм зыри иригъэлъагъуртэкъым. ЛъакъуищкІэ ерагъэшу зэфІэту мэзым кІуэцІрыплъа щхьэкІэ, и пэм ита дыгъужьхэр кьыхуэлъагъужакъым. Гупым кьакІэрыхуат. Я лъэужь ьэлпІыхьуэжьыныр щхьэгъэпщІэкІи, дыгъужьым псей жыг кьигъуэту борэныр теужьыху абы кІэщІэсыну мурад ищІащ. Жьапщэм еныкъуэжьу ар здэкІуэм, имыщІэхху щакІуэ унэ бгынэжам, зи бжэр жьыбгъэм иридзылІэм, хуэзащ. Ар хуэсакъыпэу щІыхьащ абы. Унэ кІуэцІым цІыхумэ ауэ къудей къыщІихьыртэкъым.

Планэпэр е къуэгъэнапІэ гуэр къилъыхъуэурэ зыгъэрым жьэхэуэри и лъакъуэр игъэуэзыжащ. Ар мащІэу хэщІэкІри планэпэм зыдигъэззэгъа къудейуэ унэм цІыху къыщІыхьащ. Борэным еныкъуэжьуурэ бжэр ерагъыу хуищІри, Іэбэрабуэрэ бжэкъуагъым къыщигъуэта баш кІэщІыр бжэкъум иригъэлъэдащ. Хуэмурэ зыкъыпІлъхьыурэ и джэдыгум уэсыр кІэригъэщэщри, гъуэлъыпІэм зригъэщІащ. АдэкІэ планэпэм къуэс дыгъужьыр занщІэу абы зэрытемыльам хущІегъуэжауэ ищІэнур имыщІэу зимыгъэхъейуэ щылТ. И лъэбжьанэ фІэтэхъа щІыІэр зэрыхьам игъэщхэхати иджы щІегъуэжкІэ мыхьэнэ иІэжтэкъым. Ущхъуэдэмыщхъуэу иджы зридзыжьфыынутэкъым щакІуэм. Ар зэрыщакІуэм абы щэч къытрихьэртэкъым. НэгъуэщІ мэзым щІымахуэм къакІуэнутэкъым. Ар мэзхъумэуи дыгъужьым и гум жиІэртэкъым. «ЩакІуэщи бланэщ, къарууфІэщ, дэтхэнэ псэущхьэми и пІалъэ ещІэ. Ауэ сыту пІэрэ хьэщІимыгъусэр? Хьэм занщІэу лъымэри дыгъужьымэри къыщІихьэнут. Мис итІанэ сыкІуэдат. Си лъакъуэм лъыпсыр къыфІэжу сэ тІуми сапэлъэщынутэкъым. Си насыпым къырихьэкІри, щакІуэм гу къысІутакъыми, зызмигъэхъейуэ си къуэгъэнапІэ сыкъуэсыжьынэ нэхъыфІщ. Езыри жьыбгъэр теужьихуэ мыбы зэрыщІэсынур. Сэри си гъуэ секІуэлІэжьнщ, дунейр мамыр хъужмэ».

Жьыбгъэ щІэфиежьр щІэх теуну къыщІэкІынутэкъым. «Унэ кІуэцІыр щІыІэми, борэн етам уэхт нэхьрэ нэхъыфІщ. Дэнэ къикІа мы жьыбгъэ емынэр? Кьепщэн щІымыдзэ щІыкІэ мэзым сыщІэкІыжьфын си гугъами, сыщІуаущ. Бетэмалу къызихьэлІа мы щакІуэ унэр. СыздэкІуэм занщІэу си пащхьэ къихутащ. Зэт! Мэ гуэр къысщІехьэ. Лъымэ хуэдэ? Дэнэ мыбы лъымэ къызидикІынур? Кьысфіощ. Борэн етам Іэуэлъауэ зэхъэзигъэхьнукъым. Хьэр щІымыдзэкІм, си занэхуэу сыкъежьэн хуеякъым. Ныбжьэгъу гуэр сиІа Лъэбыху жьы хъури лІащ. Иджы и пІэ изгъэувэжьн хьэпшыри сыхуейщ. Жьыжьэ сыІуКІынкъым, жьыСІуэрэ сыкъыхьыхьащ, борэнми зэуэзэпсэу зыкъыІэзкъуихащ. Мыбы зыгуэр щІэсу щхьэ къыссщыхъурэ? Си псэм жеІэ мы щакІуэ унэр ныжэбэ хэщІапІэ зыщІар си мызакъуэу. Жьыбгъэ етам сяпэ мыбы зыгуэр къыщІихуащ. Си нэр кІыфІми есэмэ, мафІэдэ щІэзгъэнэнщ жьыСІуэрэ сыззремыпІэщІэкІари нэхъыфІщ. Къызжьэхэльэну щытамэ, занщІэу зыкъызидзынут. Апхуэдэ кІуэщмыкъыхьакІэ, езыми зиущэхуауэ къуэгъэнапІэ гуэр къуэсщ. УІэгъэуи къыщІэкІынущ, лъымэр ззэзмызэ къысІуроуэ. Хэт ищІэрэ, сэкІыр Іэрыхуэу сыубыдынщ. Афіэкі хьэ си мыгъуэсу мэзым лъапэ къыщІэсшиенкъым Тхъэм жиІэмэ. Ялыхь узынышэу си унэ сынэхьэсыж».

УщІэмыупщІэ щакІуэми дыгъужьми бэлыхьу нэху щыхуятелъам. Пщэдджьжьым борэныр сабырыжащ. ЩакІуэм зэрышынэр имыгъэпІэгъуэн хьисэпу, хуэм-хуэму зигъэжьажьэу, ауэ зыщІыпІэкІи зыщимыпІпхьыбу бжэр Іухауэ кІыгъанэри къыщІэкІыжащ. ЩакІуэм зригъэщІэну хуеякъым и ужьым иту унэм къыщІэкІыжьну псэущхьэр зыхуэздэр.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

❑Ди лъэпкъэгъуэхр

Сирием и лІыкІуэ

Адыгэ лъэпкъым къыхэкІащ абы и цІэр дуней псом фІыкІэ щызыгъэІуа цІыху щэджащ куэд. Абыхэм ящыщщ илъэсым нэблэгъауэ Сирие Хъэрып Республикэм и лІыкІуэу Белорус къэралыгъуэм щыІэ Вэрокъуэ Бассам.

ВЭРОКЪУЭ Бассам Сириеи и Джолан лъагапІэхэм щыІэ Бирхьэджам къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ. Къунейтірэ дэт курыт еджапІэр 1970 гъэм екъулІэныгъэкІэ кІыуха нэужь, ВВС-м и колледжым щІэтІысхьащ. Абы и ужькІэ ар хьихьащ дзэм къулыкъу щищІэну икІи, и къулыкъур хэхъуэурэ, генерал-майор хъуащ. Зи лэжьыгъэм псэемыблэжу пэрыт щІалэм 2003 гъэм къыхуагъэфэщащ Сириеи я полицэм и унафэщІ Іэнатіэр. Ар илъэсищкІэ ирихьэкІащ. Абы къыкІэпІыкІуэу Вэрокъуэм и пщэ къыдальхьащ Сириеи къэралкІуэцІ ІэхъуэхэмкІэ и министр къулыкъур. Къапщтэмэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкІауэ Бассам и закъуэщ Сирие Хъэрэп Республикэм и министру щытар.

2010 гъэм Вэрокъуэ Бассам дипломат лэжьыгъэм пэрыуващ. Сириеи и лІыкІуэу Кувейт къэралыгъуэм щылэжьэнымкІэ иублащ ар. Илъэситым щІигъукІэ а Іэнатіэр ирихьэкІри Сириеи къигъэзэжащ. ИщхьэкІэ къыззрыхэдгъэщащи, 2014 гъэм и мэлыжьыкъ мазэм абы и дипломат лэжьыгъэм щыпащащ Белорусыми, икІи мы зэманым а Іэнатіэм пэрытщ.

Вэрокъуэ Бассам и унагъуэр дэщІыгъуу и хэкужь щыхьэщІащ 2009 гъэм, Вэрокъуэ Владимир къригъэблагъэри.

- Гу хуабагъэрэ щІыхуГъэу ди щІынальэм щилъэгъуар абы иджыри и гум щабэу илъщ, - жеІэ Бассам и Іыхьлы, и гъусэу Сириеи щыщІыхьуа, мы зэманым Налшык къэзэпхъэжа Къэрдэн Сэмир.

Ди лъэпкъэгъу щІалэм унагъуэ дахэ иІэщ: пхъуитІрэ зы къуэрэ. Ипхъуэгъэ Роланэрэ Марьянэрэ унагъуэ зэрагъэпэщащ, тІури адыгэ щІалэ дэкІуащ.

- Адыгэ хьэблэ къыщыхъуа щІалэм и адыгэбзэр Іэкъуэльэкъуэу егъэшорыуэ, адыгэбзэкІэ тхэкІи еджакІи ещІэ. Ар сыт хуэдэ къулыкъу пэрытми, пагагъ лей хэмылъу ирихьэкІащ. Министру щылэжьами, езым машинэр зэрихуэу, хъумакІуи и мыгъуэсу апхуэдэт, - жеІэ Самир. - ГукъэкІыжкэр куэдщ, мыбдежьми псори пхуигъэзэгъэнкъым, ауэ къыхэгъэщыгпхъэщ мы адыгэлІ щэджащэм и гъащІэри и ехъулІэныгъэхэри къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым къыгуэхьІпІэ имыІэу зэрепхар.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Генерал-майор Вэрокъуэ Бассам

Сириеи и лІыкІуэ Вэрокъуэ Бассам. *2015 гъэ*

❑Хъуэхъу

Ди анэ гумащІэ, анэшхуэ Іущабэ Мамхэгъ Еленэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу

ПщІэ зыхуэтщІ, фІыуэ тъэгъу ди анэм, анэшхуэм дынохъуэхъу гъащІэм и Іэфіыгъэ псори зыхэпщІэу, уи быным, абыхэм къащІэхъуэ щІэбэлэм я насыпым, ехъулІэныгъэхэм уригушхуэу куэдрэ ди япэ уитыну. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ уи Іэпэгъуэу, узынщагъэ быдэ уиІэу, уи пщІэр лъагэрэ уи мазхуэр дахэу гъащІэшхуэ къэбгъэщІэну Тхъэм жиІэ!

Уи унагъуэр.

❑Чэнджэщхэр

Бжьыныхур сэбэпщ

Дзэр быдэ хъун щхьэкІэ гуэдзым къыхэщІыкІа кІытэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэнащІкІуурэ жьэдгъэпІ, яхуэшэчыху, итІанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэуурэ илъэсым къриубыдэу тхуэ-хэ ящІ.

* * *

Тэрчдэсхэм тэмакъ узыр, бгъэч узыр зэрагъэхъужу щытар: гуэдз хуэнщІейр псы хуэбжкІэ зэхащІэрт, цІыху сымаджэм и пщэм тралъхьэрт, япхэжьырти нэху кърагъэкІырт. Апхуэдэурэ тІэу-щэ ящІмэ, узыр хъужырт.

* * *

Лъы зи мащІэ цІыхум нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныху шыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фІыуэ зэрегъакІуэ.

* * *

Джэджьей, гуэгуш шыр цІыкІухэм бжьыныху, бжьын цІынэхэм я тхъэмпэр цІыкІу-цІыкІуурэ зэпагъэлъэпэри хуэнщІейм хэпщІауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр цІыкІухэр мысымаджэу, нэхъ къару яІэу къохъу икІи шхэрей мэхъу.

* * *

Матэкхъуейр жэмыр лъхуэузэ махуищ дэкІа иужькІэ къаша шэращ къызыхащІыкІыу щытар. Мипхуэдэуи хахырт: лъатэпсыр шатэпскІэ зэІахырт, ар шэм хакІэжьыри абыкІэ матэкхъуей хахырт.

* * *

Къэлэрыр сыр дыдэмэ зы дакъикъэ-дакъикъитІ хуэдизкІэ ягъэвэпхъ.

* * *

Губгъуэ бжэным илри и щэри унагъуэ бжэным нэхъ-рэ нэхъ сэбэпщ.

❑Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, къазыл е бабыщыл, кІэртІоф хэлъу

Къаз е бабыщ гъэкъэбзар зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІри шыуаным е шыгуным иралъхьэ. Псы щІыІэ щІакІэри мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыырэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІри ягъавэ шыуаныщхьэр ныкъуэтепІэурэ, тхъурымбэри дагъэри къытрахыырэ. ИтІанэ абы халъхьэ бзыгъэурэ упщІэта кІэртІоф, зэІащІэри зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри ягъавэ дакъикъи 10-12 хуэдизкІэ. ИтІанэ абы халъхьэ щимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр уба, шыуаныщхьэр трапІэри хьэзыр хъуху мафІэ щабэм тету ягъавэ. Шыуаныр мафІэм къытрахри пэшхьэкубгъуэм трагъэувэ. Лыр лэпсым къыхахри тепщэчм иралъхьэ, абы лэпскІэ щІа бжьыныху шыпс тракІэри пщтыру яшх. ПластэщІыІэ, щІакхъуэ даших. Лыр яшха нэужь хьэнтхъупс пщтырыр трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

къазылу е бабыщылу - г 400,
псыуэ - г 1500,
кІэртІоф укъэбзауэ - г 250,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
бжьыныху укъэбзауэ - г 40,
шыгуэу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Губгъуэ бжэным и лымрэ и тхъэмщІыгъумрэ гъэбэкхъауэ

Къуршэм, мэзхэм къыщыхъу псэущхьэхэм я лыр куэдкІэ нэхъ Іэфщ икІи нэхъ къъуат ящІэльу унагъуэ Іэщым ейм хьэпщ. Ар нэхъ быдэ щхьэкІэ. Сыту жьиІэмэ, а псэущхьэхэр къэкІигъэ, шхыныгъуэ хэпІыхьакІэ, къабзэкІэ машхэ. Псом хуэмыдэу губгъуэ бжэным и лыр адыгэм зыпищІ щыІэкъым. Ар узыфэ куэдым я хущхъуэу ялтьэтэ.

Мы ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырын щхьэкІэ нэхъ къыхахыр куэлщ е тхьщІэпщ. ЛыпцІэр зэпаупщІ г 40-50 хъуу, и Іуваг-ъыр зы сантиметрым нэсу. ТхьэмщІыгъу гъэкъэбзари апхуэдэ дыдэу яупщІатэ. Лыри тхьэмщІыгъуэм тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри фІыуэ зэІащІэж. ИтІанэ тебэкІэ тхъу къаГъэплъ, абы лыри тхьэмщІыгъурэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъажьэ. Тхъуэплъ мэхъу щыжаІэм, ІупщІэуэ упщІэта бжьыныщхьэ щІалъхьэри, тхъуэплъ хъуху псори здагъажьэ, мафІэр нэхъ ешэхауэ. Абы и ужькІэ лым халъхьэ губгъуэпхъ упщІэта, зэІащІэурэ лыр щІигъанэ къудейуэ зэІащІэ Іуэ щІалъхьэ, тебащхьэр трапІэкри мафІэ цІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкъ. Іэнэм пщтыру тепщэчкІэ трагъэувэ. Пластэ, мырамысэ хуабэ дашх. Чыржьни, мэжаджи, хьэлІами докІу.

Халъхьэхэр (цІыхуищ Іыхьэ):

лыуэ - г 750,
тхъэмщІыгъуу - г 150,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100,
шатэу - г 300,
тхъуэ - г 150,
шыгуэу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

❑ЦІыкІуэхм факъыхуеджэ

Дыгъужьымрэ щакІуэмрэ

Уэс хъутым мэзыр гущІэгъуншэу иудыныщІэрт, хуэзфІэкІынур игъэлъагъэ хуэдэу. Хьэуа щІыІэм щызэрызехьэ уэс пхъашэм нэр игъэплъэртэкъым. Зи щхьэр ехьэхауэ кІуэ дыгужьыр жыг укІуриям ихьэхуауэ. КьыпимыкІухьу щыщхьэрыпщым и лъэбжьанэр лъыпсыр кІужу фІитхъащ. ЩІыІэр зэуэ уІэгъэм епхъуэрэ, хэщІыкІыу еТІысэхащ. Дыгужьым и кІэбдз лъакъуэр зэпилпІъыхьынут, ауэ уэс зэрызехьэм зыри иригъэлъагъуртэкъым. ЛъакъуищкІэ ерагъэшу зэфІэту мэзым кІуэцІрыплъа щхьэкІэ, и пэм ита дыгъужьхэр кьыхуэлъагъужакъым. Гупым кьакІэрыхуат. Я лъэужь ьэлпІыхьуэжьыныр щхьэгъэпщІэкІи, дыгъужьым псей жыг кьигъуэту борэныр теужьыху абы кІэщІэсыну мурад ищІащ. Жьапщэм еныкъуэжьу ар здэкІуэм, имыщІэхху щакІуэ унэ бгынэжам, зи бжэр жьыбгъэм иридзылІэм, хуэзащ. Ар хуэсакъыпэу щІыхьащ абы. Унэ кІуэцІым цІыхумэ ауэ къудей къыщІихьыртэкъым.

Планэпэр е къуэгъэнапІэ гуэр къилъыхъуэурэ зыгъэрым жьэхэуэри и лъакъуэр игъэуэзыжащ. Ар мащІэу хэщІэкІри планэпэм зыдигъэззэгъа къудейуэ унэм цІыху къыщІыхьащ. Борэным еныкъуэжьуурэ бжэр ерагъыу хуищІри, Іэбэрабуэрэ бжэкъуагъым къыщигъуэта баш кІэщІыр бжэкъум иригъэлъэдащ. Хуэмурэ зыкъыпІлъхьыурэ и джэдыгум уэсыр кІэригъэщэщри, гъуэлъыпІэм зригъэщІащ. АдэкІэ планэпэм къуэс дыгъужьыр занщІэу абы зэрытемыльам хущІегъуэжауэ ищІэнур имыщІэу зимыгъэхъейуэ щылТ. И лъэбжьанэ фІэтэхъа щІыІэр зэрыхьам игъэщхэхати иджы щІегъуэжкІэ мыхьэнэ иІэжтэкъым. Ущхъуэдэмыщхъуэу иджы зридзыжьфыынутэкъым щакІуэм. Ар зэрыщакІуэм абы щэч къытрихьэртэкъым. НэгъуэщІ мэзым щІымахуэм къакІуэнутэкъым. Ар мэзхъумэуи дыгъужьым и гум жиІэртэкъым. «ЩакІуэщи бланэщ, къарууфІэщ, дэтхэнэ псэущхьэми и пІалъэ ещІэ. Ауэ сыту пІэрэ хьэщІимыгъусэр? Хьэм занщІэу лъымэри дыгъужьымэри къыщІихьэнут. Мис итІанэ сыкІуэдат. Си лъакъуэм лъыпсыр къыфІэжу сэ тІуми сапэлъэщынутэкъым. Си насыпым къырихьэкІри, щакІуэм гу къысІутакъыми, зызмигъэхъейуэ си къуэгъэнапІэ сыкъуэсыжьынэ нэхъыфІщ. Езыри жьыбгъэр теужьихуэ мыбы зэрыщІэсынур. Сэри си гъуэ секІуэлІэжьнщ, дунейр мамыр хъужмэ».

Жьыбгъэ щІэфиежьр щІэх теуну къыщІэкІынутэкъым. «Унэ кІуэцІыр щІыІэми, борэн етам уэхт нэхьрэ нэхъыфІщ. Дэнэ къикІа мы жьыбгъэ емынэр? Кьепщэн щІымыдзэ щІыкІэ мэзым сыщІэкІыжьфын си гугъами, сыщІуаущ. Бетэмалу къызихьэлІа мы щакІуэ унэр. СыздэкІуэм занщІэу си пащхьэ къихутащ. Зэт! Мэ гуэр къысщІехьэ. Лъымэ хуэдэ? Дэнэ мыбы лъымэ къызидикІынур? Кьысфіощ. Борэн етам Іэуэлъауэ зэхъэзигъэхьнукъым. Хьэр щІымыдзэкІм, си занэхуэу сыкъежьэн хуеякъым. Ныбжьэгъу гуэр сиІа Лъэбыху жьы хъури лІащ. Иджы и пІэ изгъэувэжьн хьэпшыри сыхуейщ. Жьыжьэ сыІуКІынкъым, жьыСІуэрэ сыкъыхьыхьащ, борэнми зэуэзэпсэу зыкъыІэзкъуихащ. Мыбы зыгуэр щІэсу щхьэ къысщыхъурэ? Си псэм жеІэ мы щакІуэ унэр ныжэбэ хэщІапІэ зыщІар си мызакъуэу. Жьыбгъэ етам сяпэ мыбы зыгуэр къыщІихуащ. Си нэр кІыфІми есэмэ, мафІэдэ щІэзгъэнэнщ жьыСІуэрэ сыззремыпІэщІэкІари нэхъыфІщ. Къызжьэхэльэну щытамэ, занщІэу зыкъызидзынут. Апхуэдэ къыщымыкъуакІэ, езыми зиущэхуауэ къуэгъэнапІэ гуэр къуэсщ. УІэгъэуи къыщІэкІынущ, лъымэр ззэзмызэ къысІуроуэ. Хэт ищІэрэ, сэкІыр Іэрыхуэу сыубыдынщ. Афіэкі хьэ си мыгъуэсу мэзым лъапэ къыщІэсшиенкъым Тхъэм жиІэмэ. Ялыхь узынышэу си унэ сынэхьэсыж».

УщІэмыупщІэ щакІуэми дыгъужьми бэлыхьу нэху щыхуятелъам. Пщэдджьжьым борэныр сабырыжащ. ЩакІуэм зэрышынэр имыгъэпІэгъуэн хьисэпу, хуэм-хуэму зигъэжьажьэу, ауэ зыщІыпІэкІи зыщимыпІпхьыбу бжэр Іухауэ кІыгъанэри къыщІэкІыжащ. ЩакІуэм зригъэщІэну хуеякъым и ужьым иту унэм къыщІэкІыжьну псэущхьэр зыхуэздэр.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

❑ГушыІэхэр

Дахэкіэ еплъ

ЗэщхьэгъэуситІым я сабий цІыкІур яхуэжейртэкъыми, цІыхубзым жеІэ:

- Уэрэд жеСІэмэ, нэхъ жеину пІэрэ-тІэ?

- Хьэуэ, - жи лІым. - Ящэ щІыкІэ фІыкІэ уха зэгъэрэ ухэмызагъэрэ еплъ.

Нэхъыбэ мэхъу

Тыкуэнтетымрэ щэхуакІуэмрэ зопсалъэ:

Тыкуэнтетым: - Сом щитІ хуоэ мы къэпщэхум...

Щэхуакіуэм: - Дауэ? ТумэнипщІщ и уасэу тетыр...

Тыкуэнтетым: - Пэжщ, аращ тетыр, ауэ сом щитІ хуоэ.

Щэхуакіуэм: - Хъунщ-тІэ... мэ...

Тыкуэнтетым: - Мыр тумэнипщІ хъууэ аращ.

Щэхуакіуэм: - Пэжщ, сомищэщ тетыр, ауэ сом щитІ мэхъу.

❑Псалъэ пэжхэр

Гъащіэм нэхъ егъэджакІуэшхуэ щыІэкъым

♦Анэ псалъэм елъэпауэр щы джафэми щыльапэрапэущ зэрыстетынур.

♦Гъащіэм нэхъ егъэджакІуэшхуэ щыІэкъым, ди сабиигъуэ дыдэм щыщІэдзауэ дыпсэуху ди егъэджакІуэр аращ.

♦Уи мыІуэху зепхуэнри Іуэхум щыщщ.

КІУРАШЫН Алий.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **1.** Гъуэгу бгъуэзэ щІыкІу. **5.** Лъахъстэн ваКъэ пІащІэ. **8.** Блэм и бзэгу. **9.** Пасэрей шыгу, щхьэ тельу. **10.** Абы дыгъужьыр фІэбэпащэщ. **12.** Гъасэ щаІуэкІэ зэхуэзэм ящыщ. **15.** Дзыгъуэр зи шхыныгъуэхэм ящыщ хьэкІэжьуэкІэ дахэ цІыкІу. **16.** Ди щІыпІэм куэду къыщыщкІ пхъэщхьэмыщщхэ пльыжь цІыкІу, купкъ илъу. **17.** Гъэщхэкі. **18.** Жьэ бзаджэ зиІэ цІыху. **19.** Хъущт Аслъэнбэч Олимп зэхъэзэхуэм ... уВыпІэр къыщІихьри дыщэ медаль кьратащ. **20.** Сэхуранымк хьэхащІыкІ Іэфіыкіэ. **22.** Сталиным и дамэгъуэ, къэрал лІыщхьэхэм ящыщ зыуэ щыта, хабзэхъумэ Іэнатіэхэр зыІэщІэлъа. **1953** гъэм Хрущев и хьэпэщагъэкІэ ягІкІащ. **25.** ЩІым гъуэ куу щызыщІ, хьэпІащІэ, хьэмбылу хуэдэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цІыкІу. **26.** Пхъэ сахуэ. **27.** Лажьи хьати симыІэу, ди унафэщІым си ... къищІащ. **28.** МахуэщІэ. **29.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, адыгэм ди гъунэгъу лъэпкъ. **31.** Зэпымыуэ зэс зытелъ бгы. **33.** Адыгэ таурыхъэм зэущрихьэлІэ шы лъэрызехьэ. **35.** ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **36.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **38.** Гуфіэгъуэ Іэнэм щыжаІэ псалъэ дыгъэл. **39.** ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **40.** Зи кІуэцІыр нэщІ, купщІэ зэрымылъ. **43.** Сымаджэ хьэлъэм и ... макъ къэІуащ. **44.** УщІэргуэзвэни ущІэдыхьэшхьэ зыхэлъ Іуэху. **45.** Цы закъуэ. **46.** Іэпслъэпсым щыщ.

Къехыу: **1.** Хадзэкіым зэран хуэхъу хьэпІащІэжь. **2.** Зекіуэ ежьэ адыгэлым ... хуэзралъхьащ. **3.** Колхозым мэл ... щІэзагъэркъым. **4.** Ар-гъуэй ззз, ... къуей. **6.** Соорыкъуэ бзаджэкъэкІэ хищъащІа бий. **7.** Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь ... Башир. **11.** Шы къэпщІэнтІам къыщыхъащІ бахъэ. **13.** ЩІалэ цІыкІу къызыхуалъхуа унагъуэм сабиим иращІкІ гуфІэгъуэ. **14.** Гъатхэр къэсри жыгэм ... ирагъащ. **20.** Іуэхуфіэ хамэ къалэ пІалъэ гуэркІэ кІуар къыщІыуІэ хабзэ унэ. **21.** ... зэрына хуэзэрыхыркъым, итІани къуажэ унафэ ищІну ну хэтщ. **23.** Пасэрей фоч лІэужьыгъуэ. Ар и унэцІэщ Щоджэнщ Іыкі Алий и цІэр зезыхьэ театрым и режиссер нэхъыщхьэу щытам. **24.** Дзэлыкъуэ щІынальэм хиубыдэ къуажэ. **30.** СССР- м и ВЦИК-м и Іэтащхьэу щыта. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **32.** Псы е шэ къэкъуалъэм я щхьэм ХкащІ бырыб. **34.** ЩІымахуэ щыІэм пщэм кърашкІ. **35.** Мыльэтэфми, Іэзэу бадзэ къэзыубыдэ хьэпщхупщ. **37.** Лъапэ зыпымыт цІыхухъу щыгъын. **38.** Насып зимыІэм и дзэр ... ІуещІыкІ. **41.** КІыщокъуэ Алим и поэмэ. **42.** Адыгэ псалъэжьым тепщІыхьмэ, ар къудрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

❑Ди лъэІукІэ

Сэлэт уэрэд

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

Ди щІалэгъуэу Іэщэ къыдатауэ
Ди щІыр гурэ псэкІэ догъэпэж, -
Щытхъумэнщ Хэку-анэр бий етахэм:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

Анэу щІылъэм тетым дэрщ я плъапІэр,
Дэ къытпэплъэу ахэр емызэш.
Мамырыгъэ гъащІэрэ я хъуэпсапІэр:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

Ди хъыджэбзхэм я гум дыщагъафІэу
Я гухэлъ уэрэдыр дэ тхуагъэщ, -
Ягъэужьыхьхъым лъагъуныгъэ мафІэр:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

Къыддэплъейуэ дэ къытщІэхъуэ бынхэр
Хъунщ дэ тхуэдэу я псэм емыблэж, -
Игъуэ нэсым ди пІэ къытвэнхэщ:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

❑Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур мазаем и 25-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьакіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемк - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеХу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъуэмэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору Щоджэн Іэминат, корректорхэу Мырзэкъан ФатІимэ *(2, 3, 6-нэ нап.)*, ПхьитІыкІ Аэмэт *(1, 4, 5-нэ нап.)*. КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №293